RAYHAN
ИНСТИТУТ АРАБИСТИКИ

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЫМРЭ

**ПэщIэдзэ еджапIэ,**
**3 класс**

АдыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар:
**Вэрокъуэ Софят**

Редакцэр:
**Умм Ислам аш-Шэркэсия**

# ТЭУХЬИДЫМРЭ ФИКЪХЬЬЫМРЭ

**ПэщIэдзэ еджапIэ, 3 класс.**
**1428-1429 хь. гъгъ. / 2007-2008 гъгъ.**

Мы тхылъым лъапIэнычгъэшхуэ иIэщ, аращи, абы хуэсэкъын хуейщ.

Мы тхылъым ухуиIэ щытыкIэ къабзэр щыхьэт хурехъу уэ уи дуней тетыкIэ дахэм!

Тэухьидымрэ Фикъхьымрэ / ПэщIэдзэ еджапIэ, 3 класс/
2023 / н. 112

АдыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар:
журналист, филолог, зэдзэкIакIуэ
Вэрокъуэ Софят

Коммерцие мурадкIэ тетхыкIынымрэ гъэбэгъуэнымкIэ хуитынымгъэ щыIэкъым. Мыр уасэншэу яугуэшыным папщIэ тхылъщ!

بسم الله الرحمن الرحيم

ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ зиIэ Алыхьым и цIэкIэ.

## Хэзыгъэгъуазэ

Щытхъур ейщ тхэным хуэзыгъэса, цIыхум имыщIэр къезыгъэщIа Алыхьым. Абы и нэфIыр зыщыхуэн и хъуэхъур зылъысын Мухьэммэд Бегъымбарыр Алыхьым къигъэкIуащ, цIыхухэр кIыфIыгъэм къыхишу нэхугъэм къыхуишэн папщIэ.

ИтIанэ:

ИпэжыпIэкIэ, Алыхьым и тхьэзакъуэныгъэр къэлъытэныр къалэнхэм я нэхъыщхьэ дыдэщ, абы теухуа щIэныгъэри псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ икIи гъуэзэджэщ. Аращ лэжьыгъэ псоми тегъэщIапIэ яхуэхъури, ахэр къэбыл хъуныр зэлъытари. Тхьэр зэрызакъуэр зэхэщIыкIыныр цIыхухэр зыхуэныкъуэ псоми я щхьэжщ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ, цIыхупсэхэм я гъащIэр, абыхэм я гурыфIыгъуэхэмрэ зэкIуныгъэхэмрэ зыхэлъыр Тхьэ къэхутэныгъэрщ – абыхэм щхьэщэ хуэзыщIым, ахэр къэзыгъэщIам, Абы и цIэхэр, щытыкIэхэр, Iуэхугъуэхэр зэгъэщIэнырщ. Дин фикъхьым игугъу пщIымэ, ар щхьэщэ зэрыщIын хуейм теухуа щIэныгъэщ, апхуэдэхэщ зыгъэкъэбзэнми, нэмэзми, нэгъуэщIхэми теухуахэр. Ахэр псори насыпым и нэщэнэхэщ, икIи абыхэм къагъэлъагъуэ цIыхум и хъер зыхэлъ псори Алыхьым зэрыхуигъэфащэр. Алыхьым и щытхъур зылъысын, и нэфIыр зыщыхуэн Бегъымбарым жиIащ: «Алыхьым фIыр зыхуигъэфащэм диныр къызэрихутэн Iэмал ирет»[1]. Абыхэм псоми къахэкIыу, ЩIэныгъэмрэ ГъэсэныгъэмкIэ Министерствэм жэрдэм ищIащ а унэтIыныгъитIымкIэ – тэухьидымрэ фикъхьымрэ – школ егъэджэныгъэм и лъэхъэнэ псоми хиубыдэу егъэджэныгъэхэр къызэригъэпэщын, еджакIуэхэм дин фIэщхъуныгъэ пэжхэр

[1] Бухъэри (7)

ябгъэдэлъхьэн, фикъхьым и лъэныкъуэкIэ шэрихьэтым иIэ хабзэхэр къегъэщIэн, Iэмал зимыIэу щIын хуей щхьэщэхэр егъэщIын, зэрыхъукIэ, диным теухуауэ цIыхухэм яIэ упщIэ псоми я жэуапхэр къагъуэтын папщIэ.

Мы тхылъым и къыдэкIыгъуэщIэм хеубыдэ:

**1. «Тэухьид» предметыр**, абы къриубыдэу еджакIуэ къэс, тегъэщIапIищ къагъэсэбэпурэ, я диным лъабжьэ хуэхъуар къащIэнущ:

- ал-Ислъам;
- ал-Иман;
- ал-Iихьсан

Ислъамым, Иманым, Iихьсаным я тегъэщIапIэ къэс нэхъ убгъуауэ къащIнущ.

**2. «Фикъхь» предметым** къриубыдэу еджакIуэм етIуанэ классым къыщищIам щыщу:

- Iэмал имыIэу щIын хуей нэмэз лIэужьыгъуэхэр;
- нэмэзым и щIыкIэр;
- нэмэзыр зыкъутэм теухуауэ

иджыри нэхъ кууэ иджынущ андезым, нэмэз щIыгъуэ зэманым, абы Iуэхугъуэ епхахэмрэ и щIэгъэкъуэнхэмрэ, апхуэдэуи Iэмал имыIэу гъэзэщIапхъэхэмрэ.

Дерс къэс зытещIыхьа Iуэхугъуэм теухуа темэ щхьэхуэхэми, предметыр зыхуэгъэзам пыщIа гу зылъытапхъэхэми къыщIыдгъуащ, кIэщIыу икIи гурыIуэгъуэу хэдгъэувэжащ, темэм хэдгъэхьахэм зедгъэубгъуурэ. Апхуэдэуи, дерс къэс упщIэ щхьэпэхэмрэ, егъэджакIуэм папщIэ чэнджэщ зыбжанэхэмрэ хэдгъэхьащ, ахэр къигъэсэбэпурэ абы и мурад псори къехъулIэн папщIэ.

**ЕгъэджакIуэхэм хуэгъэза ущие зыбжанэхэр:**

1. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэ умылэжьами, уи гур Алыхьым хузэIухауэ убгъэдыхьэн хуейщ, абы елъытащ ар къабыл хъунрэ мыхъунрэ. НтIэ гъэзащIэ ар гу зэIухакIэ Абы и Нэгум папщIэ, ЛъапIэщ Ар икIи И щIыхьыр инщ, итIанэ уэ ехъулIэныгъэ ущиIэнущ мы дуней гъащIэми, къыкIэлъыкIуэнуми!

2. ИпэжыпIэкIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэныр – къегъэлыныгъэм и Iэмалщ. Уэ-тIэ, сэ си къуэш/шыпхъу лъапIэ, мы диным и Iуэхугъуэ инхэм хубогъаджэ, икIи уэ дзыхь къыпхуащIащ псом нэхъыщхьэр – муслъымэн сабийхэм я акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ. НтIэ, дзыхь къыпхуащIар хъумэ уэ, мы дуней гъащIэми, ахърэтми ехъулIэныгъэ ущиIэн папщIэ!

3. ИпэжыпIэкIэ, «Тэухьид» предметым хуегъэджэныр – IуэхуфIхэм я нэхъ инхэм щыщ зыщ. ДауикI, цIыхухэм дежкIэ хъерыр – мы дуней гъащIэм напэтехым щыхъумэнымрэ къыкIэлъыкIуэнум и псэм къытехьэну тезырым IэщIэгъэкIынымрэ – Тхьэзакъуэныгъэр къыщахутэм дежщ, апхуэдэуи, абы хуэгъэза Iуэхугъуэхэр ялэжьмэ. НтIэ, егугъу, уэ егъэджакIуэ лъапIэ, тхьэфIэщхъуныгъэ пэжхэр еджакIуэхэм ягухэм щIэбгъэбыдэн папщIэ! Ар нэгъэсауэ зылэжьхэм ящыщ зы урехъу! Уэ езым зыхэлъхьэ ахэр зыхуебгъаджэр, апхуэдэуи, щэн дахэхэр зыдалъэгъун щапхъэ яхуэхъу!

4. Алыхьыр зэрытхьэзакъуэмрэ Абы и къарур зыхуэдэмрэ джын папщIэ текст зыбжанэхэр къэгъэсэбэпын хуейщ. Псалъэм папщIэ, пшэхэр уафэм зэрыщызекIуэм, уафэгъуагъуэмрэ щыблэмрэ, уэшх къызэрешхым, нэгъуэщI дуней щытыкIэхэми теухуауэ. ДауикI, ипэжыпIэкIэ, абыхэми, нэгъуэщI къэхъукъащIэхэми диныр зи гум илъ дэтхэнэ зыми и Iиманыр нэхъ быдэ ящI.

5. ИпэжыпIэкIэ, «Фикъхь» предметым хуегъэджэным мыхьэнэшхуэ иIэщ икIи Iэмалыншагъэщ. Абы и фIыгъэкIэ, еджакIуэхэм къащIэ щхьэщэ зэращI щIыкIэхэр, ар абыхэм я къалэнхэм хыхьэхэм щыщщ, апхуэдэуи, зыгъэкъэбзэным, андезым, нэмэзхэм теухуауэ, къищынэмыщIауэ, шэрихьэтым щыщ хабзэхэри. Уэ егъэджакIуэ лъапIэ, уэ абыхэм дин гупсысэкIэ ябгъэдэплъхьэн хуейщ, ахэр зыхурагъаджэр ягъэзэщIэн папщIэ.

6. ИпэжыпIэкIэ, щапхъэ къэхьынымрэ, хьысэр гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхухэм пыщIэнымрэ сыт хуэдэ предметми и къэхутэныгъэр нэхъ тынш ещI. Ар куэду щхьэпэ хъунущ еджакIуэхэм а предметыр фIыуэ къалъэгъунымкIэ, икIи абыхэм ар фIыуэ къалъагъумэ, ар яфIэфIыу яджынущ икIи ягъэзэщIэнущ абы зыхуригъаджэ псори. Дэ уи гур фIы тщIынщ Бегъымбарым, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, и сэламыр зылъысыным и псалъэхэмкIэ, абы жиIащ: «ИпэжыпIэкIэ, мыIуминым, дунейм ехыжа нэужь, сэбэп къыхуэзыхьыну Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ абы зыхуригъэджа, зызригъэубгъуа щIэныгъэр»[2]

[2] Ибн Маджэ 242

# «Ат-Тэухьид»[3]

(Япэ илъэс ныкъуэр)

## Дерс е-1-нэ. ЕтIуанэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. ЦIыху къэс ищIэн икIи игъэзэщIэн хуей лъабжьищыр тхы.

**ЦIыхум и … къихутэну, и … къихутэну, и … къихутэну …**

2. Диным и щIэгъэкъуэнхэр тхы.

**Алыхьымрэ … … … уи фIэщ щIын, … щIын, … тын, Рэмэдан мазэм …, … кIуэн.**

3. УпщIэхэм жэуап ет.

- Ислъамым и щIэгъэкъуэнхэм щыщу езанэр жыIэ.
- Хэт бегъымбархэм я мыхъурыр?
- Сыт зищIысыр Ихьсаныр?

1. Тэухьид – Алыхьыр Гъэзэкъуэныгъэ, псэмкIэ къыптехуэу гъэзэщIэн хуейр зыдж щIэныгъэ.

# Дерс е-2-нэ. Диным и лъэхъэнэхэр. Ал-Ислъам

**Диным лъэхъэнищ иIэщ:**

**1. Ал-Ислъам 2. Ал-Иман 3. Ал-Ихьсан**

**«Ислъам» псалъэм и мыхьэнэр:**

**Ислъамыр – ар Алыхь закъуэм зетынырщ, Абы хуэпщылIынырщ, гъусэ хуэмыщIынырщ, икIи Абы гъусэ хуэзыщIхэм пэIэщIэ зыщIынырщ.**

**«Ислъамым» и мыхьэнэм и зэпкъырыхыныгъэ**

1. Алыхь закъуэм зетын – Алыхьым гъусэ хуомыщIыу, Абы и закъуэ щхьэщэ хуэщIын.
2. Абы хуэпщылIын – Алыхьым унафэ ищIар гъэзэщIэн, Абы хьэрэм ищIар къэгъэнэн.
3. Тхьэм гъусэ хуэщIыным зыщыхъумэн, тхьэм гъусэ хуэзыщIхэм пэIэщIэ зыщIын, тхьэпэлъытхэм лъагъумыхъуныгъэ яхуиIэн, ахэр къызэремызэгъыр икIи мыхьэнэ зэрамыIэр зэхэщIыкIын.

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Диным и лъэхъэнэхэр хъурейхэм итхэж.




2. «Ислъам» псалъэм и мыхьэнэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу тхы.

**Къэбгъэсэбэпыну псалъэхэр:** Алыхь закъуэм, пэIэщIэ зыщIынырщ, Абы хуэпщылIынырщ, зетынырщ, гъусэ хуэмыщIынырщ, Абы гъусэ хуэзыщIхэм.

**Ислъамыр – ар …**

3. ЖыIэгъуэ пэжхэр къыздезэгъым деж тхы.

**Алыхьым щхьэщэ хуэщIын, Алыхьым елъэIун, зэлъэIун хуейр Алыхьыр аракъым, щхьэщэ зыхуэщIын хуейр Алыхьыр аракъым, адэ-анэхэм едэIуэн, адэ-анэхэм емыдэIуэн.**

| **Алыхьым едэ** | **Алыхьым идэкъым** |
| --- | --- |
| ____________________ | ____________________ |

✔ **IуэхуфI зылэжьам, мы дуней гъащIэм насыпкIэ щигъуэтыжащ, гъащIэ КъэкIуэнум Жэнэт щIыналъэкIэ игъуэтыжынущ.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Мыхэр ДжэбрэIил Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ зэреупщIауэ щыта диным и лъэхъэнищыр арауэ зэрыщытыр къэгъэлъэгъуэн, имам Муслим и хьэдисым (8) къызэрищихьам хуэдэу.

2. «Ислъам» хьэрып псалъэр «мусэлямэ» псалъэм къызэрытекIар къагурыгъэIуэн – «дэуэныр къэгъэнэн». Апхуэдэуи муслъымэным зэуэ зрет Алыхьым и унафэхэр гъэзэщIэным, Ар и тепщэ ищIыным, тхьэнэпцIхэр къэгъэнэным, абыхэм я пщылIхэми пэIэщIэ зыщIыным.

3. Ислъамым тетыным гъащIэ дахэм укъызэрыхуишэр, Алыхь Таалэм и арэзыныгъэ къызэрихьыр, Жэнэтыбжэхэр зэрызэIуихыр, Жыхьэнмэ мафIэм зэрыщихъумэр еджакIуэхэм къагурыгъэIуэн.

4. Iибрэхьим, сэламыр зылъысыным, и хъыбарыр ягу къэгъэкIыжын: абы тхьэнэпцIхэмрэ, абыхэм хуэпщылIхэмрэ пэIэщIэ зэрызищIар, а псом зэрабийр зэригъэлъэгъуэфар, апхуэдэуи, цIыхухэр абы и лъэужьым теувэн папщIэ зэрытригъэгушхуэфар. Абы теухуауэ Алыхьым жиIащ: **«Iибрэхьимрэ абы и гъусахэмрэ фэ фи дежкIэ щапхъэфIщ. Абыхэм я жылэм жраIащ: "Дэ, Алыхьыр къэвгъэнауэ, фызыхуэпщылIхэми фэри ди Iуэху фхэлъкъым. Фэ дзыхь фхуэтщIыркъым. Фэрэ дэрэ дякум жагъуагъэрэ биигъэрэ къыдыхьащи, Алыхь закъуэр фи фIэщ хъухукIэ дэлъынущ…" Ауэ Iибрэхьим и адэм жриIащ: "Сэ Алыхьым уэр щхьэкIэ зыри къезгъэщIэфынукъым, ауэ сыпхуелъэIунщ. Уэ ди Тхьэ, Дэ Уэращ дызыщыгугъыр, уэращ дызэувэлIар. Уи пащхьэращ дызэрыхьэжынур…"»**[4].

[4] КъурIэн (60:4)

5. Тхьэпэлъытхэм, е абыхэм хуэпщылIхэм лъагъумыхъуныгъэ хуаIэным къикIыркъым абыхэм гу быдэу яхущытыныр, е лей ятегъэхьэныр, ар щыгъэтауэ, абыхэм пщIэ къалэжьыр ялъыгъэсын зэрыхуейр еджакIуэхэм къагурыгъэIуэн.

6. Тхьэплъытхэм я пщылIхэм пэIэщIэ зызэрыщIын хуейм теухуауэ щапхъэ зыбжанэ къэхьын. Псалъэм папщIэ, ахэр лъагъумыхъуныгъэ яхуэщIын, я диныр къэгъэнэн, абыхэм задэмыщIын, ахэр зэрыщыуэм, дин нэпцI зэраIыгъым теухуауэ, ислъамыр – зэры дин пэж закъуэр къагурыгъэIуэн.

**Дерсым и къалэнхэр:**

- еджакIуэм къыгурыгъэIуэн «диным и лъэхъэнэхэр» зищIысыр;
- абы деж нэгъэсын «ислъам» псалъэм и мыхьэнэр;
- тхьэпэлъытхэм я пщылIхэм пэIэщIэ зызэрыщIын хуейм и щапхъэ зыбжанэ къахуэхьын.

# Дерс е-3-нэ. Ислъамым и щIэгъэкъуэнхэр

### Ислъамым щIэгъэкъуэну 5 иIэщ:

**1. Алыхьым нэмыщI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд ﷺ Абы зэрилIыкIуэм щыхьэт техъуэныр.**

**2. Нэмэз щIыныр.**

**3. Сэджыт тыныр.**

**4. Рэмэдан мазэм нэщIыныр.**

**5. Алыхьым И Унэм деж хьэжыщI кIуэныр, апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм папщIэ.**

Абыхэм щыхьэт тохъуэ Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр:

**6.** «Ислъамыр тегъэщIапIитхум зэтраIыгъэ: Алыхьым нэмыщI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд ﷺ Абы зэрилIыкIуэм щыхьэт техъуэным, нэмэз щIыным, сэджыт тыным, Рэмэдан мазэм нэщIыным, Алыхьым И Унэм деж хьэжыщI кIуэным»[5].

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

Ислъамым и щIэгъэкъуэн псори тхы.

**1. Алыхьым нэмыщI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд ﷺ Абы зэрилIыкIуэм щыхьэт техъуэныр.**

**2.** ______________________________

**3.** ______________________________

**4.** ______________________________

**5.** ______________________________

**2.** Псалъэхэр здэщытын хуейм деж дэгъэувэж.

[5] Бухъэри (8)

**Псалъэхэр:** тху, Ислъамым, Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм, щыхьэт техъуэныр, муслъымэн. (зы псалъэр лейщ)

**Алыхьым зыри дин идэркъым, ... фIэкI.**
**Сэ зы жэщ-махуэм къриубыдэу нэмэзу ... сощI.**

**Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр ... Мухьэммэд ﷺ – Абы зэрилIыкIуэм ...**

**3.** Суннэм щыщу Ислъамым и щIэгъэкъуэнхэм щыхьэт хуэхъу псалъэхэр къэхь.

✔ **Ислъамыр – Жэнэтым уизышэн, Жыхьэнмэ мафIэм укъезыгъэлын Iэмал закъуэщ.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Унэр фундаментыншэу зэрыщымытыфынум хуэдэу, Ислъамри и щIэгъэкъуэнхэр имыIэу зэрыщымыIэфынур къагурыгъэIуэн.

2. Ислъамыр нэсу гъэпэжыным муслъымэным и мылъкури и гъащIэри хъумэныр къызэрырикIуэр къагурыгъэIуэн. Бегъымбарым ﷺ зэрыжиIам хуэдэу: *«Сэ унафэ сиIащ цIыхухэм сезэуэну, Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэр жаIэху. Ар жызыIам-тIэ и мылъкури и псэри ихъумэжащ, абы и Iыхьэр Алыхьым къылъигъэсыжынущ»*[6].

3. Жэнэтым ихьэнымкIи, Жыхьэнмэ мафIэм зыщыхъумэнымкIи Ислъамыр абы и Iэмал закъуэу зэрыщытыр, Алыхьым абы фIэкI, нэгъуэщI дин зэримыдэр къагурыгъэIуэн. Алыхь Таалэм жиIащ: **«Ислъамым нэмыщI дин къыхэзыхьэм хуадэнукъым, икIи ахърэтым деж хэкIуэдахэм ящыщу къыщIидзынущ»**[7].

4. Пасэрей зэманым, е иджырейм Ислъам диныр къэзыщтахэм щыщу я тхыдэ яхуэIуэтэжын, ахэр а дин лъапIэмкIэ зэрыгушхуар, насып къазэрыхудэкIуар къыхэгъэщын. Умар, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, и псалъэхэр къызэраIуэтэжамкIэ, абы жиIащ: *«Дэ – Алыхьым Ислъам динымкIэ ди щIыхьыр зыгъэлъэга лъэпкъщ. Дэ фIыгъуэр нэгъуэщI динхэм къыщытлъыхъуэн щIэддзэмэ, Алыхьым ди щIыхьыр уриудыхынущ»*.

---

[6] Бухъэри (2946)

[7] КъурIэн (3:85)

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- Ислъамым и тегъэщIапIитхур кърибжэкIыфыну;
- а тегъэщIапIитхум щыхьэт хуэхъу псалъэхэр къихьыфу;
- абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм тепсэлъыхьыфыну.

# Дерс е-4-нэ.

# Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр

## 1. Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр.

Ар къыщыхощ Алыхьым и псалъэхэм:

**«Щыхьэт тохъуэ Алыхьыри, мэлыIычхэри, щIэныгъэ зиIэхэри Езым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм, икIи захуагъэм Ар зэрытемыкIым. Тхьэ щыIэкъым Езы Ину Iущым нэмыщI»[8].**

**«Ля иляхьа илляЛлахь» - «щыIэкъым тхьэ, Алыхьым нэмыщI» псалъэхэм я мыхьэнэр: Алыхьым фIэкI, щыIэкъым зыри дыхуэпщылIыну зыхуэфащэ.**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Къыхэгъэщ ✔ Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр.

- ☐ **Нэмэз щIыныр.**
- ☐ **Рэмэдан мазэм нэщIыныр.**
- ☐ **Сэджыт тыныр.**
- ☐ **Алыхьым нэмыщI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд ﷺ Абы зэрилIыкIуэм щыхьэт техъуэныр.**
- ☐ **Алыхьым И Унэм деж хьэжыщI кIуэныр, апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм папщIэ.**

[8] КъурIэн (3:18)

2. Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр къэхь.

3. «Алыхьым нэмыщI, тхьэ щыIэкъым» жыIэгъуэм сыт и мыхьэнэр?

4. Псалъэухахэр нэгъэсыж.

**Япэ дыдэу кэфирхэр къызыхураджэр – …**

**Жэнэтым и IункIыбзэр – …**

5. Уи классэгъухэм ягъусэу «"Ля иляхьа илляЛлахь" псалъэхэм фIыгъуэу хэлъыр» жыхуиIэ темэмкIэ реферат кIэщI гъэхьэзыр. Классэгъухэм я пащхьэм къыщеджэж.

✔ **Псом нэхърэ нэхъыфI зикрыр – ар «ля иляхьа илляЛлахь» - «щыIэкъым тхьэ, Алыхьым нэмыщI» псалъэхэращ.**

## ЕгъэджакӀуэм папщӀэ

1. "*Ля иляхьа илляЛлахь*" жызыӀэхэр, а *псалъэхэр* я *лъабжьэу* псапэ зыщӀахэр Жэнэтым зэрихьэнур яхуэӀуэтэн.

2. Зыгуэрым и духьэр, е и пщыл*Ӏ*ыныгъэр, Алыхьым нэмыщӀ, нэгъуэщӀ гуэрым хуигъазэмэ, ар тхьэ нэпцӀхэм я пщылӀ зэрыхъур къагурыгъэӀуэн. Уеблэмэ, "*Ля иляхьа илляЛлахь*" псалъэхэр жиӀэ пэтми, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, тхьэзакъуэныгъэм и мыхьэнэр – Алыхьым и закъуэ хуэпщылӀынырщ.

3. "*Ля иляхьа илляЛлахь*" псалъэхэр Жэнэтыбжэм и ӀункӀыбзэу зэрыщытыр яжеӀэн. Ауэ ӀункӀыбзэ къэс дзэ дэупсыкӀа иӀэн хуейщ. Жэнэтым и ӀункӀыбзэм апхуэдэ дзэуэ иӀэр: унафэхэр гъэзэщӀэн, хьэрэмагъэр къэгъэнэн.

4. ЕджакӀуэм и акъылым нэгъэсын, тэухьидым и псалъэхэр ("*Ля иляхьа илляЛлахь*") зикр нэхъ лъапӀэ дыдэу зэрыщытыр.

Абы теухуауэ Алыхьым и ЛӀыкӀуэм ﷺ жиӀащ: «Зикр нэхъыфӀ дыдэу щытыр – ар "*Ля иляхьа илляЛлахь*" псалъэхэращ»[9].

5. Кэфирхэр япэ дыдэу къызыхураджэр – Алыхьым фӀэкӀ, нэгъуэщӀ тхьэ зэрыщымыӀэмкӀэ щыхьэт хъунырщ. Абы теухуауэ Алыхьым и ЛӀыкӀуэм ﷺ къыбгъэдэкӀа хьэдисыр къахуэхьын, абы Мухьэз судыщӀэу, ущиякӀуэу Йэмэн щигъэкӀуам щыгъуэ. Абы Мухьэз жриӀащ: «ИпэжыпӀэкӀэ, уэ уакъыхуэкӀуэнущ, нэгъуэщӀ дин зезыхьэхэм деж, икӀи уэ ахэр япэ дыдэу къызыхуебджэнур "*Ля иляхьа илляЛлахь*" псалъэхрауэ щрет»[9].

---

[9] Тирмизи (3383).

[9] Бухъэри (4347).

6. Алыхьым деж къыхуеджэным фIыгъуэу хэлъыр ягу къэгъэкIыжын. Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ зэрыжиIам хуэдэу: «Уэ уи фIыгъэкIэ, Алыхьым зы цIыху нэхъ мыхъуми дин пэжым тригъэувэмэ, ар уи дежкIэ махъшэ плъыжьхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъапIэщ»[10].

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэным тепсэлъыхьыфын;
- щыхьэт псалъэхэм тегъэщIапIэ хуэхъур къихьыфын;
- «*Ля иляхьа илляЛлахь*» - «щыIэкъым тхьэ, Алыхьым нэмыщI» псалъэхэм я мыхьэнэр зэпкърихыфын.

[10] Бухъэри (3701).

# Дерс е-5-нэ. Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр

## 2. Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилIыкIуэм щыхьэт хуэхъу псалъэхэр.

**Мы щыхьэт псалъэхэм къикIыр:** *абы и унафэм едэIуэн, абы къыхуехам щыхьэт техъуэн икIи лъытэн, абы хьэрэм ищIахэм пэIэщIэ зыщIын, абы хабзэ зэрищIам тету Алыхьым хуэпщылIын.*

Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилIыкIуэм тегъэщIапIэ хуохъу Алыхь Таалэм и псалъэхэр: **«Мухьэммэд фэ фщыщ лIы гуэрми и адэу щытакъым, ар Алыхьым и лIыкIуэт, икIи яужьырей бегъымбарт. Алыхьыр сытми щыгъуазэщ!»**[11].

<u>**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**</u>

1. Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилIыкIуэ щыхьэт псалъэхэм сыт къикIыр?
2. Псалъэухахэр нэгъэсыж, щапхъэм къызэрыщыхьам хуэдэу.

**Щапхъэ: Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ унафэ къитхуищIащ Алыхьым дыхуэпщылIыну, икIи къытхуидэркъым Абы емыдэIуэныр.**

**Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ тхьэзакъуэныгъэм дытетыну унафэ къытхуищIащ, икIи къытхуидэркъым …**

**Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ пэжагъэ зетхьэну унафэ къытхуищIащ, икIи къытхуидэркъым …**

[11] Къурlэн (33:40)

3. Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилIыкIуэ щыхьэт псалъэхэм тегъэщIапIэ хухъур къэхь.

4. (А) сатыр ехым ит псалъэхэм хуэкIуэу (Б) сатыр ехым хэт псалъэхэр зэпыщIэж.

«Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилIыкIуэ» щыхьэт псалъэхэм къикIыр:

| А | Б |
|---|---|
| ☐ **Абы хьэрэм ищIам…** | **1. едэIуэн** |
| ☐ **Абы къыхуехам…** | **2. щыхьэт техъуэн** |
| ☐ **Хабзэ зэрищIам тету…** | **3. пэIэщIэ зыщIын** |
| ☐ **И унафэм…** | **4. Алыхьым хуэпщылIын** |

5. Бегъымбарым ﷺ и гъащIэм и къекIуэкIыкIам теухуауэ уэ уи ныбжьэгъухэм чэджэщ яхуэпщIыну тхылъыр къиIуэ.

✔ **Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ ухуиIэ лъагъуныгъэ пэжым къалэн къыпхуещI абы и унафэм щIэтыныр икIи абы щапхъэ техыныр.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ унафэ къытхуищIам едэIуэныр Iэмал зимыIэщ. Алыхьым жиIащ: «**ЛIыкIуэм сыт къывитми къафщтэ, къыфхуимыдам пэIэщIэ зыхуэфщI. Алыхьым фыщышынэ**»[12].

2. ЛIыкIуэм ﷺ къыхуехам щыхьэт техъуэным къыхуеджэн. Апхуэдэуи, Къемэт махуэм, Жэнэтым, Жыхьэнмэ мафIэм теухуауэ хъыбар кърагъэщIахэр лъытэн.

3. ЛIыкIуэм ﷺ и унафэхэм емыдэIуэным зыщыхъумэн. ИпэжыпIэкIэ-тIэ, Алыхьым я гугъу ищIащ Жыхьэнмэ мафIэм хисхьэнухэм абы теухуауэ гукъеуэ зэращIынур: «**Я нэкIухэр зэрагъэдзэкIыу мафIэм здыхэлъым абыхэм жаIэнущ: "Уэ бетэмал, лIыкIуэм дедаIуэу Алыхьым дыхуэжыIэщIамэ аратэкъэ!"**»[13].

4. Алыхьым хуэпщылIыныр Бегъымбарым ﷺ зэригъэува хабзэмкIэ Iэмал имыIэу зэрыгъэзэщIэн хуейр къыхэгъэщын, Алыхьым имыдэ щIэ гуэрхэр диным хомыгъыхьэу. Апхуэдэхэщ, Ал-Исрэ, ал-Мыхьрэдж махуэшхуэхэр,

Бегъымбарыр ﷺ къыщалъхуа махуэр, анэм, лъагъуныгъэм, нэгъуэщIхэми я махуэшхуэхэр гъэлъэпIэныр. БегъымбарымтIэ ﷺ жиIауэ щытащ: «щIэуэ къагупсыс псори – щыуагъэщ»[14].

5. Алыхьым и ЛIыкIуэм ﷺ ухуиIэ лъагъуныгъэ пэжым абы и унафэм щIэтыныр икIи абы щапхъэ техыныр къалэн къызэрыпхуищIыр къагурыгъэIуэн.

---

[12] КъурIэн (59:7).

[13] КъурIэн (33:66).

[14] Муслим (867).

6. ЛІыкІуэм ﷺ и гъащІэм теухуауэ зэрыт тхылъ зыбжанэхэр къебжэкІын[14].

**Дерсым и къалэнхэр:**

- Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилІыкІуэм теухуа щыхьэт псалъэм и мыхьэнэр еджакІуэм деж нэгъэсын.

- Мухьэммэд ﷺ – Алыхьым зэрилІыкІуэм теухуа щыхьэт псалъэм тегъэщІапІэ хуэхъур къэхьын.

- Алыхьым и ЛІыкІуэм ﷺ и унафэм емыдэІуэным кърикІуэнухэр къагурыгъэІуэн.

[14] Псалъэм папщІэ, Ал-Мубаракфури и «Рахьикъ ал-Махътум» тхылъыр

# Дерс е-6-нэ. Ислъамым и етIуанэ, ещанэ щIэгъэкъуэнхэр

## 2. Нэмэз щIыныр.

## 3. Сэджыт тыныр.

**«Нэмэз щIыныр»** – Мухьэммэд Бегъымбарым ﷺ къызэриIуэта Iэмалым тету, махуэм тхуэ, зэман хэхахэм хуэзэу Алыхьым щхьэщэ хуэщIынырщ.

**«Сэджыт тыныр»** – Алыхьым узэрыхуэпщылIым и щыхьэту, уи мылъкум щыщу зыхуэфащэхэм папщIэ Iыхьэ гуэр къыхэгъэкIынырщ.

Нэмэзымрэ сэджытымрэ тегъэщIапIэ яхуохъу Алыхь Таалэм и псалъэхэр:

**«ШыIэныгъэмрэ нэмэзымрэ щIэгъэкъуэн фщIы. Нэмэзыр псоми къохьэлъэкIыр, Тхьэм фIэлIыкIхэм къинэмыщI»[15].**

✔ **Нэмэзымрэ сэджытымрэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэу къэзымылъытэхэр, Алыхьу Таалэр зи фIэщ мыхъухэращ.**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. (А) сатыр ехым хэт псалъэхэм хуэкIуэу (Б) сатыр ехым хэт псалъэхэр хуэгъэкIуэж.

[15] Къурlэн (2:45).

**А**

☐ **Нэмэз щIыныр…**

☐ **Сэджыт тыныр…**

☐ **Алыхьым фIэкI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд – Абы зэрилIыкIуэм теухуа щыхьэт псалъэхэр.**

**Б**

**1. Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэнщ**

**2. Ислъамым и етIуанэ щIэгъэкъуэнщ**

**3. Ислъамым и ещанэ щIэгъэкъуэнщ**

2. Нэмэз щIынымрэ сэджыт тынымрэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэу зэрыщытым тегъэщIапIэ хуэхъу псалъэхэр къэхь.

3. АдэкIэ къыщыхьа аятым Ислъамым и щIэгъэкъуэнхэм щыщу зи гугъу щащIхэр щIэтхъэ.

Алыхьым жиIащ: «**Абыхэм унафэу къыхуащIар, Алыхь Закъуэм хуэпщылIыну, диным къабзэу тетыну, нэмэзри ящIыу, сэджытри хатыкIыну арат. Аращ дин захуэ хъужыр!**»[16].

4. Щапхъэм зэритым хуэдэу къыщIэдзи, уи къуэшым / шыпхъум псалъэуха зыбжанэ хуэтх, и нэмэзым зэрыхуэсакъын хуейм теухуауэ.

## ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ зиIэ Алыхьым и цIэкIэ

## Си къуэш / шыпхъу лъапIэ! Ассаляму алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь. … …

[16] КъурIэн (98:5).

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Нэмэзым хуэсакъыну, и зэманым ящIыну къыхуеджэн. Ар къэгъэнэныр фIэщмыхъуныгъэм зэринэщэнэр къагурыгъэIуэн. Бегъымбарым ﷺ зэрыжиIам хуэдэу: **«Абыхэмрэ дэрэ дызэпызыщIэр – нэмэзыращ. Ар зымыщIым фIэщмыхъуныгъэ елэжь»[17].**

2. Сэджытым хъер къызэрыпэкIуэр, ар тхьэмыщкIэхэмрэ къулейсызхэмрэ дежкIэ дэIэпыкъуэгъугхуэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн. Апхуэдэуи, сэджытыр къэгъэнэныр уафэм уэшх къыщIемышхым и щхьэусыгъуэхэм ящыщу зэрыщытыр.

✔ **Сэ си нэмэзыр и зэманым щIыным сыкIэлъоплъ, икIи сощIэ сэджытыр къэгъэнэныр уафэм уэшх къыщIемышхым и щхьэусыгъуэхэм ящыщу зэрыщытыр.**

### Дерсым и къалэнхэр:

ЕджакIуэм ищIэн хуейщ:

- Ислъамым и щIэгъэкъуэн етIуанэри ещанэри;
- нэмэзыр Iэмал имыIэу и зэманым щIын зэрыхуейр;
- нэмэз щIынымрэ сэджыт тынымрэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэхэу зэрыщытым тегъэщIапIэ хуэхъу псалъэхэр.

[17] Ахьмэд, (5/346)

# Дерс е-7-нэ. Ислъамым и еплIанэ, етхуанэ щIэгъэкъуэнхэр

## 4. Рэмэдан мазэм нэщIыныр.

## 5. Алыхьым и Унэм деж хьэжыщI кIуэныр, Iэмал зиIэхэм папщIэ.

**«НэщIыр»** – Алыхьым узэрыхуэпщылIым и щыхьэту, шхэныр къэгъэнэн, псы ткIуэпс емыфэн, нэгъуэщIхэри, пщэдджыжь пшэкIэплъым щыщIэдзауэ дыгъэр къухьэжыху.

НэщIыным теухуа тегъэщIапIэщ Алыхьым и псалъэхэр:

**«Уэ иман зиIэхэ, фэ фи къалэнщ фынэщIыну, фяпэкIэ псэуахэм я къалэну зэрыщытам хуэдэу, тхьэшынагъэ фхэлъын папщIэ!»[18]**

**«ХьэжыщI кIуэныр Алыхьым и Унэм деж»** – Алыхьым зэрыхуэпщылIым и щыхьэту, зэман хэхам хуэзэу Iуэхугъуэ хэха игъэзэщIэн папщIэ, цIыхур Абы и Унэм деж макIуэ.

ХьэжыщIым теухуа тегъэщIыпIэщ Алыхьым и псалъэхэр:

**«Алыхьым цIыхум фарз ящищIащ а унэм кIуэуэ хьэж щащIыну, яхузэфIэкIыу щытмэ»[20].**

**✔НэщIынымрэ хьэжыщI кIуэнымрэ Iэмал зимыIэу къэзымылъытэ цIыхум теухуауэ жыпIэ хъунущ, абы Алыхьу Таалэр и фIэщ зэрымыхъур.**

---

[18] КъурIэн (2:183).

[20] КъурIэн (3:97).

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Дэгъэхуахэм деж псалъэ къезэгъхэр дэтхэж.




2. (А) сатыр ехымрэ (Б) сатыр ехымрэ хэт жыIэгъуэхэр пэжу зыхуэгъакIуэ.

| А | Б |
|---|---|
| ☐ Муслъымэнхэр нэщIщ… | 1. Зул-Кахьдэ мазэм |
| ☐ Муслъымэнхэр хьэж макIуэ… | 2. Рэмэдан мазэм |
| | 3. Зул-Хьиджэ мазэм |

3. Алыхьым жиIащ: **«Къэхъунур щаубзыху жэщыр мазэ мин нэхърэ нэхъ лъапIэщ. А жэщым мэлыIычхэри псэри (ДжэбрэIил) Тхьэм и IизынкIэ уафэм къох, Алыхьым и унафэхэр ягъэзэщIэну. А жэщыр мамырынущ нэху щыху!»**[19]

[19] КъурIэн (97:3-5).

а) Дэтхэнэ мазэра къэхъунур щаубзыху жэщыр къыщыкIуэр?
б) Къэхъунур щаубзыху жэщым и фIагъым тепсэлъыхь.

4. ХьэжыщIыр Iэмал имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейм тегъэщIапIэ хуэхъур къэхь.

5. Рэмэдан мазэм нэщIыр зыIыгъахэр зыгъашхэхэм уахэта? Сыт уэ ар щIэблэжьар?

6. Дэпщэрэ муслъымэныр хьэжыщI кIуэн зэрыхуейр?

**✔ Бегъымбарым ﷺ и гъусэхэр игъэгуфIэрт Рэмэдан мазэр къызэрыблэгъамкIэ, икIи яжриIэрт а мазэм Жэнэтым и бжэхэр зэрызэIуахыр, Жыхьэнмэм ейхэр зэрызэхуащIыр.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

**1.** Рэмэдан мазэм нэщIыр яIыгъыну къыхуеджэн, абы и фIагъ псори къагурыгъэIуэн, Бегъымбарым и псалъэхэр ягу къэгъэкIыжын: **«Рэмэдан мазэм иманрэ гугъэрэ хэлъу нэщIам, япэкIэ илэжьа и гуэныхь псори къыхуагъэгъунущ»[20].**

**2.** ХьэжыщI кIуэну Iэмал зиIэхэр, я гъащIэ псом къриубыдэу зэ нэхъ мыхъуми, зэрыкIуэн хуейм ягу лъегъэтэн.

**3.** Муслъмэнхэм я гухэм Алыхьым и Унэм увыпIэшхуэ зэрыщиIэр къагурыгъэIуэн.

[20] Бухъэри (38).

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэн хуейщ:

- Ислъамым и еплIанэ, етхуанэ щIэгъэкъуэнхэр;
- Рэмэдан мазэм хэлъ фIагъхэр;
- НэщIымрэ хьэжымрэ Iэмал имыIэу зэрыщытым и тегъэщIапIэхэр.

# «Ал-Фикъхь»

(Япэ илъэс ныкъуэр)

## Дерс е-1-нэ. ЕтIуанэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. «Ал-Iыстынджэ», «ал-Iыстыджмар» псалъэхэм я мыхьэнэр жыIэ.
2. Андез цIыкIур къыщпщтэкIэ, Iэпкълъэпкъ Iыхьэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуей бжыгъэхэр тетхэж.

- ☐ **лъакъуитIыр**
- ☐ **Iэ бэлагъитIыр**
- ☐ **нэкIур**
- ☐ **щхьэр**

3. Андез цIыкIур зыкъутэхэр къебжэкI.
4. АлIыстыфтахь духьэр уигу къэгъэкIыж.
5. Псалъэухар и кIэм нэгъэсыж.

**Нэмэзым хуэсакъыныр – щхьэусыгъуэ хуэхъунущ цIыхур … зэрихьэнум.**

**Нэмэзыр къэгъэнэныр – щхьэусыгъуэ хуэхъунущ цIыхур … зэрисынум.**

6. Фарз нэмэзхэр къебжэкI.

7. Тэшэхьудым къеджэ.

8. Сэлэватыр жыIэ.

9. Сэлэват нэужьым, тэшэхьудым хэту Бегъымбарыр ﷺ Алыхьым щIелъэIуу щыта Iуэхугъуищыр жыIэ.

10. Сыт жыIэн хуейр рукухь, сэждэ щыпщIкIэ, ахуэдэуи, сэждитIым я зэхуакум ущыщысым деж? 11. Нэмэзыр зыкъутэ Iуэхугъуэхэр къебжэкI.

# Дерс е-2-нэ.
# Псыунэ кӀуэным пылъ хабзэхэр

## Муслъымэным и псыунэ Ӏуэхухэр зэрызэфӀигъэкӀыпхъэ щӀыкӀэхэмрэ, зытетын хуей хабзэхэмрэ:

1. Лъакъуэ сэмэгумкӀэ псыунэм щӀыхьэн. ЩӀыхьэным ипэ къыихуэу жыӀэн: **«Аллахьуммэ инни а'узу би-кя мин-алхьубси уа-л–хьэбаис»[21].** Лъакъуэ ижьымкӀэ къыщӀэкӀыжын, абы иужь жыӀэн: **«Гъуфронэк»[22]**.

2. ЦӀыхур псыунэм щыкӀуэкӀэ хуиткъым абы КъурӀэныр здыщӀихьэну, е Алыхьым и цӀэр къыщыхэщ нэгъуэщӀ хьэпшып гуэр.

3. Псыунэ кӀуапӀэр цӀыхур зыми къыщамылъэгъун щӀыпӀэ щыӀэн хуейщ.

4. Псыунэм уи Ӏуэху щызэфӀэбгъэкӀкӀэ, уи гупэр е уи щӀыбыр Чэбэ (Къэблэм) зэрыхуэмыгъэзэным яужь итын хуейщ.

5. Уи Ӏуэху щызэфӀэбгъэкӀкӀ., упсалъэну къезэгъыркъым.

***Псыунэ папщӀэу уздэкӀуэ мыхъуну щӀыпӀэхэр:***



1.Пхъэщхьэ-мыщхьэ жыг лъабжьэхэр



2.ЖьауапӀэ сэбэпхэр



3. псы емыжэххэр



4. цӀыху зекӀуапӀэхэр

[21] Бухъэри (142).

[22] Абу Дауд, (30).

## А щIыпIэхэм псыунэ Iуэхухэр зэфIэбгъэкI щIэмыхъунум хэлъ гупсысэхэр:

- **сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы цIыхум и зэран хэлъщ;**
- **сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы уз къыхэкIынкIэ, е мэ Iей къыщыхъункIэ шынагъуэ щыIэщ.**

<u>**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**</u>

1. Псалъэухахэр и кIэм нэгъэсыж.

**А. Сэ псыунэм сыщыщIыхьэкIэ, сэ лъакъуэ … сыщIохьэ, псыунэм сыкъыщыщIэкIыжкIэ, сэ лъакъуэ … сыкъыщIокIыж.**

**Б. Сэ, псыунэм сыщIыхьэным ипэ къихуэу, жызоIэ … , сэ псыунэм сыкъыщIэкIыжа нэужь, жызоIэ … .**

2. Пхъэщхьэмыщхьэ жыг лъабжьэхэм зи псыунэ Iуэху щызыфIэзыгъэкI цIыхухэм теухуауэ уи еплъыкIэр къыжыIэ.
3. Псыунэ кIуапIэ пщIы мыхъуну щIыпIэхэм (✔) мы дамыгъэр кIэщIэгъэувэ.



Къум ☐ ЦIыху зекIуапIэ ☐ Жыгхэр ☐

4. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**А. Сэ цIыхухэм сыкъамылъагъуу си псыунэ Iуэхухэр зэфIызогъэкI, …**

☐ **сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уи ауратыр бгъэлъагъуэ хъунукъым**

☐ **си щыгъыныр къабзэу схъумэн папщIэ**

☐ **си щыгъыныр фIей сымыщIын щхьэкIэ**

**Б. Сэ лъакъуэ сэмэгумкIэ сыщIохьэ …**

☐ **унэм**

☐ **псыунэм**

☐ **мэжджытым**

5. Сэ къэблэм и лъэныкъуэ гупэкIи щIыбкIи зыхуэзгъазэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ …
6. Псыунэ кIуапIэ пщIы хъуну щIыпIэхэм ящыщ зыбжанэ жыIэ.

**1.** ____________________ **2.** ____________________

7. ЦIыху зэхуэсыпIэхэмрэ, цIыху зекIуапIэхэмрэ къабзагъэр щыхъума зэрыхъуным сэри сыхущIокъу мыпхуэдэ Iэмалхэмкiэ:

**1.** ________________________________________

**2.** ________________________________________

**3.** ________________________________________

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Къэблэ лъэныкъуэр зэрылъапIэр, КъурIэным пщIэшхуэ зэриIэр къагурыгъэIуэн.

2. Гъуэгу зекIуапIэхэмрэ цIыху зэхуэсыпIэхэмрэ зэрыхуэсакъын хуейм гу лъегъэтэн.

3. ЦIыхур псыунэм щыкIуэкIэ, и ауратыр зэригъэпщкIун хуейр къагурыгъэIуэн.

4. «ЖьауапIэ сэбэп» жыIэгъуэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн, ар цIыхухэм тIысыпIэу къагъэсэбэп жьауапIэхэращ.

5. «ЦIыху зекIуапIэм» и мыхьэнэм тепсэлъыхьын, ар цIыхухэр щызекIуэ гъуэгухэращ.

6. ЦIыху зекIуапIэхэр псыунэ кIуапIэ пщIы зэрымыхъунум гупсысэ хэлъыр, абы мэ Iей ищIыр цIыхухэм дежкIэ зэран зэрыхъур, пхъэщхьэмыщхьэ жыг лъабжьэхэм кIуэным – жыгхэм зэран зэрыхуэхъур икIи цIыхухэр а пхъэщхьэмыщхьэхэм зэрыхигъэкIыжыр къагурыгъэIуэн.

**Дерсым и къалэнхэр:**

- еджакIуэм ищIэн хуейщ псыунэ кIуэкIэ хабзэхэр;
- псыунэ кIуапIэ пщIы мыхъуну щIыпIэхэр кърибжэкIыфын хуейщ;
- псыунэм щIыхьэмрэ къыщыщIэкIыжымрэ жиIэн хуей духьэхэр и гум иригъэлъын хуейщ.

# Дерс е-3-нэ. Псымрэ мывэхэмкIэ зызэрагъэкъэбзэжыр

**Алыхьым цIыхум кърита фIыщIэхэм ящыщщ абы зэран къыхуэхъу псори къыдэзыгъэхыж пкъынэлынэхэр зиIэ Iэпкълъэпкъ къызэрыритар. Апхуэдэхэщ гъутхьэнри, щIыб икIынри. ИпэжыпIэкIэ-тIэ, Алыхьым къалэн къытхуищIащ абыхэм пэIэщIэ зытщIыну, икIи IэмалиткIэ зыщыдгъэкъэбзэжыну.**

1. **«Ал-Iыстынджэ»** (псыкIэ зыгъэкъэбзэн) – ар цIыхум псыкIэ зыщигъэкъабзэращ, е псыунэ нэужьым щахэ къыдэхыжыпIэхэр псыкIэ щитхьэщIыжыращ. А псыр къабзэу щытын хуейщ, фIеягъэ псори кIэригъэкIын щхьэкIэ.

2. **«Ал-Iыстыджмар»** – мывэ цIыкIухэмкIэ зыгъэкъэбзэжын. Ар щахэ къыдэхыжыпIэхэр мывэ цIыкIуэмкIэ, е тхылъымпIэкIэ щалъэщIыжыращ, фIеягъэхэр кIэрыкIыжыху.

**Ал-Iыстыджмарым папщIэ къэбгъэсэбэп хъуну хьэпшыпхэр:** хъуну къалъытахэм щыщу сыт хуэдэ хьэпшып къабзи, псалъэм папщIэ, мывэ цIыкIухэр, тхылъымпIэхэр, щэкI кIапэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

**Ал-Iыстыджмарым папщIэ къэбгъэсэбэп мыхъуну хьэпшыпхэр:**

1. Алыхьым и цIэр зытет дэтхэнэри;
2. къупщхьэ;
3. шхын;
4. вэнвей, е махъшэ, жэм, мэл хуэдэ псэущхьэхэм я вейр.

## Ал-Iыстыджмарыр пэжу къыщалъытэ щытыкIэхэр:

1. Ал-Iыстыджмар зэращIыр къабзэу икIи хьэпшып къезэгъхэм щыщу икIи зыгъэкъабзэу щытын хуейщ

2. КъыдэхыжыпIэхэр зэрагъэкъабзэ хьэпшыпымкIэ щэ телъэщIыхьын хуейщ; щэр мащIэмэ, нэхъыбэжрэ телъэщIыхьын хуейщ.

3. ФIеягъэ къыбдэхыжахэр куэдми мащIэми, къыдэхыжыпIэхэм фIэкIын хуейкъым.

✔ **Алыхьым и цIэр зытет хьэпшыпхэм пщIэншэу ухущыт хъунукъым.**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. ЖыIэгъуэхэм пыщэ:

**Ал-Iыстынджэ – ар …**

**Ал-Iыстыджмар – ар …**

2. Ал-Iыстыджмарым папщIэ къэбгъэсэбэп мыхъуну хьэпшыпхэм я лъабжьэм (✕) кIэщIэгъэувэ:







Вэнвей ☐ ТхылъымпIэ ☐ Шхын ☐ Мывэ ☐ Къупщхьэ ☐

3. Ал-Iыстыджмарым къигъэув Iуэхугъуэхэр тхы.

**1.**______________________________________________

**2.**______________________________________________

**3.**______________________________________________

4. ЩIалэр и унагъуэм щIыгъуу гъуэгу теуващ, иужькIэ ар щIыб икIыну кIуа нэужь, и Iуэхур зэфIигъэкIри, газеткIэ зилъэщIыжащ. Пэжу ищIа абы, хьэмэрэ щыуа, икIи сыт щхьэкIэ?

5. Ал-Iыстыджмарым папщIэ къэбгъэсэбэпыну къезэгъ хьэпшыпхэр къебжэкI.

6. ✔ е ✖ дамыгъэр гъэув жыIэгъуэхэм деж къэс.

☐ **Сэ си къыдэхыжыпIэхэр тхылъымпIэкIэ тIэу фIэкIа слъэщIыжыркъым.**

☐ **Ал-Iыстыджмарым папщIэ къупщхьэ къэбгъэсэбэп хъуну?**

7. Псалъэухахэр нэгъэсыж.

- **Сэ псыунэм сыщыщIыхьэкIэ, жызоIэ: …**
- **Сэ псыунэм сыкъыщIэкIыжа нэужь, жызоIэ: …**
- **Сэ си Iэ … къызогъэсэбэп ал-Iыстынджэм щыгъуи, ал-Iыстыджмарым дежи.**

8. Уэ псыунэм укIуэрэ, уи Iуэхур зэфIэбгъэкIа нэужь, псы зэрыщымыIэр къэпщIа нэужь, сыт уэ пщIэнур?

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. ЕджакIуэхэм ягу къэгъэкIыжыпхъэщ псыунэм ущыщIыхьэкIи, укъыщIэкIыжа нэужьи, жыпIэн хуей духьэхэр, икIи ахэр сыт щыгъуи жыIэным къыхуеджэн.

2. ЗыщыбгъэкъэбзэжкIэ вэнвеймрэ къупщхьэмрэ къэбгъэсэбэп щIэмыхъунум хэлъ гупсысэр къагурыгъэIуэн хуейщ. ИпэжыпIэкIэ-тIэ, къупщхьэр – жынхэм я ерыскъыщ, вэнвейр – ахэр шуууэ зытес псэущхьэхэм я мэкъумылэщ.

3. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн Алыхьым и цIэр зытетха псоми пщIэ хуаIэну: тхылъхэм, газетхэм, журналхэм. Абыхэм пщIэншэу уахущытыныр къызэремызэгъыр къагурыгъэIуэн, ар сыт хуэдэ щIыкIэу щымытами.

4. Ал-Iыстыджмарыр зэрыгъэзэщIэн хуей хабзэхэм щыщ гуэр къута хъуамэ, ал-Iыстынджэр Iэмал имыIэу псыкIэ зэрыгъэзэщIэн хуейр еджакIуэхэм я деж нэгъэсын.

5. Iыстынджэмрэ Iыстыджмарымрэ зэхэту къэгъэсэбэпыныр, абы нэхъыфI зэрыщымыIэр къагурыгъэIуэн.

6. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн зыщагъэкъэбзэжкIэ Iэ сэмэгум фIэкIа къамыгъэсэбэпыну.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- ал-Iыстынджэмрэ ал-Iысытджмарымрэ зэхицIыхукIын;
- Iыстыджмар зэрыпщI мыхъуну хьэпшыпхэр ищIэн;
- ал-Iыстыджмарыр пэж хъун папщIэ зэрыщIын хуей щIыкIэр ищIэн;
- Алыхьым и цIэр, е Абы и ЛIыкIуэм ﷺ и цIэр зытет хьэпшып псоми пщIэ хуищIыну.

# Дерс е-4-нэ. Нэжасэр гъэкъэбзэныр

**Нэжасэр гъэкъэбзэныр Іэмал имыІэу щытщ, псом нэхъыщхьэу псыунэм укІуа нэужькІэ къэна фІеягъэхэр. Ар Іуэхугъуищым ехьэлІащ:**

1. **ЩІыфэм.** Абы тегъэщІапІэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр: **«ИпэжыпІэкІэ, Алыхьым фІыуэ елъагъу зызыгъэкъабзэхэр»**[23].
2. **Щыгъыным.** Абы тегъэщІапІэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр: **«Уи щыгъыныр гъэкъабзэ!»**[24].
3. **НэмэзщІыпІэхэр.** Абы тегъэщІапІэ хуохъу

Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр: **«ИпэжыпІэкІэ, мэжджытхэм фІеягъэ зыри щызепхьэ хъунукъым»**[27].

**<u>Тепсэлъыхьыным папщІэ упщІэхэр:</u>**

1. Сыт хуэдэ Іуэхугъуищ нэжасэр зэхьэлІар?

   **1…………………… 2…………………… 3…………………..**

2. Нэжасэр уи щыгъыным лъэІэсамэ, сыт щІэн хуейр?

3. (А) сатыр ехым хэт псалъэхэр (Б)-м хэт тегъэщІапІэхэм хуэхьыж.

   **Нэжасэр гъэкъэбзэныр Іуэхугъуищым ехьэлІащ:**

   ……..

---

[23] Къурlэн (9:108).

[24] Къурlэн (74:4). [27] Муслим (285).

| А | Б |
|---|---|
| ☐ ЩIыпIэ | а) «Алыхьым фIэфIщ зызыгъэкъабзэхэр» |
| ☐ ЩIыфэ | б) «Уи щыгъыныр гъэкъабзэ!» |
| ☐ Щыгъын | в) «Мэжджытхэм фIеягъэ зыри щызепхьэ хъунукъым» |

4. ЩIыпIэ фIейм нэмэз щыщIыным теухуауэ сыт хуэдэ хэкIыпIэ къыхуагъуэтар?

5. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**Си щыгъыным нэжасэ кIэрылъыр щызгъэкъабзэкIэ, сэ къызогъэсэбэп:**

☐ **пшахъуэ**

☐ **псы**

☐ **мывэ**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. ЕджакIуэм къыгурыгъэIуэн хуейщ, псынэм щыкIуэкIэ пIэщIэн зэрыхуэмейр, нэжасэм щIыфэр, е щыгъыныр имыуфIеин папщIэ.

2. Алыхьым и унэхэмрэ нэмэз щащI щIыпIэхэмрэ пщIэ хуэщIыным хуегъэсапхъэщ.

3. Ислъамыр – къабзагъэм и дину зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

### Дерсым и къалэнхэр:

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Нэжасэр гъэкъэбзэныр сыт хуэдэ Iэхугъуэхэм ехьэлIами ищIэну;
- и щIыфэм, и щыгъыным, нэмэз щищI щIыпIэхэм я къабзагъэм кIэлъыплъыныр.

# Дерс е-5-нэ. Андез цӀыкӀум ехьэлӀа Ӏуэхугъуэхэр

**Андез цӀыкӀур пэж щыхъур, мы Ӏуэхугъуэхэр щыбгъэзащӀэм дежщ:**

1. Уи гумкӀэ нет пщӀын хуейщ. Ар псалъэкӀэ жыӀэныр щӀэуэ къагупсыса Ӏуэхущ. Абы тегъэщӀапӀэ хуохъу

Бегъымбарым ﷺ и псалъэхэр: **«ИпэжыпӀэкӀэ, Ӏуэху зэрыпщӀэнур – нет зэрыптамкӀэщ»[25].**

2. Андез къызэрыпщтэ псыр къабзэу икӀи къезэгъыу щытын хуейщ.



3. Псы кӀуэцӀырызымыгъэкӀ псори щӀыфэм кӀэрыгъэкӀыпхъэщ. Псалъэм папщӀэ, дзэлъэщӀ пӀастэр, лэч, нэгъуэщӀхэри.

<u>**Тепсэлъыхьыным папщӀэ упщӀэхэр:**</u>

1. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж.

- **Андез цӀыкӀум хиубыдэ Ӏуэхугъуэхэм я зэхэзщ нет щӀыныр. ИкӀи ар … ящӀ.**

25 Бухъэри (1).

- Андез цIыкIур къызэращтэ псым теухуа Iэхугъуэр - ар … икIи … щытын хуейщ.
- Псыр щIыфэм лъэзымыгъэIэсхэм ящыщщ … , … .

2. усакIуэм жиIащ:

(( بُنَيَّ توضّأ ))

بُنَيَّ تَوضَّأ      بماءٍ طَهُور

فماءُ الوضوءِ      لِوجهكَ نُور

/Бунейя тэуадда' бимаин тIэхьур, фа мауль уудуи ли-уаджхьикэ нур/

***Псы къабзэращ, си къуэ цIыкIу, андезыр къызэрыпщтэнур, ИтIанэ андезыпсым уи нэкIур нуркIэ игъэунэхунущ.***

**Мы усэм къеджи, итIанэ упщIэхэм жэуа ет.**

1. Мы усэм андезым пылъ Iуэхугъуэхэм щыщ зы къыщыхощ. Дэтхэнэра ар?
2. Сыт хуэдэ лъэужь андезым цIыхум къытринэр?
3. Къыхэх псалъэ нэхъ къезэгъыр (**«ипэкIэ»**, е **«иужькIэ»**)

**ГъэзэщIапхъэхэр – ар нэмэзым … щIэн хуейхэращ.**

4. (✖) дамыгъэр, е (✔) дамыгъэр жыIэгъуэхэм япэ щыгъэув.

☐ **Дзэлъэщӏ пӏастэм псыр, щӏыфэм лъэӏэсын папщӏэ, кӏуэцӏригъэкӏкъым.**

☐ **Шэху гъэтӏэтӏам псыр кӏуэцӏрегъэкӏ щӏыфэм лъэӏэсын папщӏэ.**

5. Мухьэммэдрэ Iэбдэллыхьрэ сурэтыщI урокым къэкIуащ. Сурэт ящIыху, абыхэм я Iэпхъуамбэхэр лэчымкIэ яуцIэпIыжащ. Ауэрэ шэджагъуэ нэмэзым и зэманыр къихьащ. Урокым къэкIуэн ипэ, Мухьэммэд андез къищтакIэт, ауэ Iэбдэллыхь андез къыщищтар иужькIэщ. Абы зыщитхьэщIым, лэчыр иджыри и Iэпэхэм кIэрылът. Сыт хуэдэ унафэ яIэ щIалэхэм я андезхэм, икIи сыт щхьэкIэ?

6. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**Андез къызэращтэ псыр щытын хуейщ:**

☐ **къабзэу**

☐ **узэпхырыплъ хъууэ**

☐ **мышууэ**

**Андез къызэращтэ хабзэхэм ящыщ зыщ:**

☐ **и зэманыр къихьэныр**

☐ **КъэблэмкIэ зыгъэзэныр**

☐ **нет щIыныр**

## Егъэджакӏуэм папщӏэ

1. Андез къэщтэным, е нэмэз щIыным ипэ къихуэу псалъэкIэ жыпIэу нет щIыныр – щIэуэ хагъэхьа хабзэу

зэрыщытыр къагурыгъэIуэн, икIи апхуэдэхэм пэIэщIэ зызэращIын хуейр яжеIэн. Псалъэм папщIэ, «Сэ нэмэз сщIын папщIэ андез къызощтэ» е «Сэ мыпхуэдэ нэмэзыр сщIыну зызогъэхьэзыр» - щыжаIэкIэ.

2. Псы къабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щапхъэхэр къахуэхьыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, тенджызыпсыр, псыежэхыпсыр, псынэпсыр.

3. ЦIыхум и щIыфэм псы лъэзымыгъэIэс псори кIэрыгъэкIын зэрыхуейр къагурыгъэIуэн, апхуэдэхэщ ятIагъуэр, дзэлъэщI пIастэр, шэху гъэтIэтIар, нэгъуэщIхэри. Пкъынэм (хна) игугъу пщIымэ, ар зыкIи зэран хуэхъуркъым псыр щIыфэм лъэIэсыным.

4. ГъэзэщIапхъэхэр нэмэзым ипэкIэ зэрыщIэн хуейр къагурыгъэIуэн.

5. Андез цIыкIум фIыгъуэу хэлъыр къайгъэщIэн.

Бегъымбарым ﷺ зэрыжиIар мыращ: **«ИпэжыпIэкIэ, Къемэт махуэм си цIыхубэм хэтахэм щхьэкIэ жаIэнущ “гъууран мухьэджэлинэ”[26], андезым и лъэужь къазэрытенэнум папщIэ[27],** нтIэ зи вагъуэр хэзыгъэхъуэфынум-тIэ[28], хрегъахъуэ ар»[29].

6. «ЩIэуэ хагъэхьа хабзэм» и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. Ар – КъурIэнми, Суннэми тегъэщIапIэ зимыIэу, хъэлифхэми я IуэхущIафэхэм хэмытауэ, дыныр зэраIыгъ хабзэхэм езы цIыхухэм щIэуэ халъхьахэращ.

---

[26] Вагъуэ хужьыр зи натIэм ит, зи Iи зи лъакъуи Iэлъын хужьхэр зэрылъ жыхуиIэщ.

[27] Ахэр къэцIуунущ, жиIэу аращ.

[28] Андезыр тэмэму къэзыщтэхэм я цIуугъэм зэрыхагъэхъуэфынырщ зи гугъу ищIыр.

[29] Бухъэри, (136). Авторым: «нтIэ зи вагъуэр хэзыгъэхъуэфынум-тIэ, хрегъахъуэ ар» - жызыIар Абу-Хьурайрэ, Бегъымбарыр ﷺ аракъымI

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- андез цIыкIум ехьэлIа хабзэхэр кърибжэкIын;
- нет щытын хуейр къигъэлъэгъуэн;
- андезым папщIэ къагъэсэбэп псыр сыт хуэдэу щытын хуейми кърибжэкIын;
- псыр цIыхум и щIыфэн нэзымыгъэс, псыр зыкIуэцIырымыкI псоми пэIэщIэ зыхуищIын.

# Дерс е-6-нэ. Андез цӀыкӀум папщӀэ Ӏэмал имыӀэу щӀэн хуей Ӏуэхугъуэхэр

**ИпэжыпӀэкӀэ, андез цӀыкӀум фӀагъ куэд хэлъщ. Абы и фӀыгъэкӀэ Алыхьу Таалэм гуэныхьхэр егъэгъу, фӀыщӀэхэм хегъахъуэ. Аращи, дэ тщӀэн, икӀи длэжьын хуейщ андез цӀыкӀум ехьэлӀа Ӏуэхугъуэ псори, ди Бегъымбарым ﷺ дызэригъэщӀам хуэдэу.**

### Андез цӀыкӀум Ӏэмал зимыӀэ хабзэу хы епхащ:

1. Напэр тхьэщӀыныр, абы хохьэ жьэм псы жьдэгъэжыхьынри, пэм игъэжыхьынри.

2. Ӏэхэр ӀэфракӀэхэри дэкӀуэу тхьэщӀыныр.
3. Щхьэм телъэщӀыхьыныр тхьэкӀумэхэри дэкӀуэу.
4. Лъакъуэхэр лъэкӀэным нэс тхьэщӀыныр.
5. А Ӏуэхугъуэхэр зэрызэкӀэлъыкӀуэ чэзум тетыныр.
6. Ахэр псори тхьэщӀыныр зэфӀэмыкӀауэ, зэпымыгъэуныр.

**✔ Мы Ӏуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми имыщӀэу къэзыгъанэм и андезыр тэрэз хъукъым. Апхуэдэуи, андезыр къыщыпщтэкӀэ Ӏэмал имыӀэу бисмиЛляхь жыӀэн хуейщ.**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

**1.** Псалъэухам щыдэгъэхуа псалъэхэр дэтхэж.

**Андез цIыкIум фIагъ куэд хэлъщ, абы и фIыгъэкIэ Алыхьу Таалэм … егъэгъу, … хегъахъуэ.**

**Андез Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми имыщIэу къэзыгъанэм и андезыр … .**

**Андезым ипэ къихуэу зы Iуэхугъуэ Iэмал имыIэу щIэн хуейщ. Сыт хуэдэ ар?**

**2.** Андез хабзэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу номерхэр тетхэж.

- [ ] **Щхьэм телъэщIыхьыныр**
- [ ] **Iэхэр тхьэщIыныр**
- [ ] **Напэр тхьэщIыныр**
- [ ] ***Лъакъуэхэр тхьэщIыныр***

**3.** Зейд краныр къыIуихри псыр къиутIыпщIащ. Абы андез цIыкIур ищтэн щIидзащ. Абы и Iэхэр IэфракIэм нэс итхьэщIыну щынэсам, и андез щтэныр зэпигъэури, телефон къеуэр къытрихыну кIуащ, икIи зигъэгуващ. Ауэ краным къиж псыр увыIакъым. ИтIанэ абы къигъэзэжащ, андез щтэныр нигъэсын папщIэ.

**А. Зейд андез къызэращтэ хабзэхэм щыщ зы икъутащ. Дэтхэнэра ар?**

**Б. Псыр пщIэншэу зыгъэкIуэдхэм папщIэ чэнджэщ яхуэпщIыр тхы.**

**4.** Жэуап пэжхэр зыхуэгъакIуэ.

| **А** | **Б** |
|---|---|
| ☐ **Андез цIыкIум епха хабзэхэр** | **а) Андезыр къызэрыщтэн хуей хабзэхэращ** |
| ☐ **Андез цIыкIум хуэгъэза Iуэхугъуэхэр** | **б) Андезым ипэ гъэзэщIэн хуейхэращ** |

**5.** Жэуап пэжым деж гъэув «✔» дамыгъэр.

Зейд андезыр къыщищтэм, и щхьэм телъэщIыхьыну къыщыгъупщэри, нэмэзыр ищIащ. Абы къыхэкIыу, абы и къалэнщ:

☐ **щIэрыщIэу андезыр къищтэжын**

☐ **щIэрыщIэу андезри къищтэн, нэмэзри ищIыжын** ☐ **щIэрыщIэу нэмэзыр ищIыжын.**

**✔ Сыт щыгъуи уи гум игъэлъ псым узэрыхуэсакъын хуейр, ар Iисраф пщIы зэрымыхъунур!**

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Андез къыщащтэкIэ Iэмал имыIэу гъэзэщIапхъэхэр къагурыгъэIуэн: зэ тхьэщIыгъуэр – Iэмалыншагъэщ, абы нэхърэ нэхъыбэр – суннэщ (ауэ щэм нэхърэ мынэхъыбэу).

2. Алыхьым зызыгъэкъабзэхэр фIыуэ зэрилъагъур ягу къэгъэкIыжын.

3. ЕджакIуэхэм гу лъегъэтэн псыр пщIэншэу бгъэкIуэд зэрымыхъунум, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псыр – фIыгъуэшхуэщ, икIи абы хуэсакъын хуейщ.

4. Iэпкълъэпкъхэр щэнейрэ тхьэщIыныр, щхьэфэмрэ тхьэкIумэмэр зэ телъэщIыхьыныр суннэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн.

5. «Жьэмрэ пэмрэ псыкIэ гъэкъэбзэным» и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. **«Ал-мэдмадэ»** - ар жьэм псы жьдэгъэжыхьынырващ. **«Ал-Iыстынщакъ»** - ар пэм псы ишэныращ. «Ал-Iыстынсар» - ар пэм псы итыр къилъэфыжынырщ.

6. «Зэпымууэ» жиIэм къикIыр къагурыгъэIуэн. Ар андезыр къыщащтэкIэ, Iэпкълъэпкъхэр зыр зым кIэлъыкIуэурэ зэпымыууэ тхьэщIын зэрыхуейр ращ.

7. Андез цIыкIур къызэращтэр еджакIуэхэм я пащхьэ щыгъэлъэгъуэн, егъэджакIуэм зэрищIым кIэлъыплъыфынхэ папщIэ.

8. ЕджакIуэ псоми практикэ лэжьыгъэ папщIэу андез къегъэщтэн, абыхэм щыуагъэншэу зызэратхьэщIыр зэгъэщIэн папщIэ, икIи егъэджакIуэм цIыхухэр андез къащтэу зэригъасэм щхьэкIэ, Алыхьым и фIыщIэшхуэ къылъысын папщIэ. ЩIэныгъэ гуэрым цIыхур хуезыгъэджам-тIэ, абы

иригъэджам а щIэныгъэмкIэ къихь фIыщIэм щыщ егъэджакIуэми къылъосыр.

9. Андезым хэлъ Iуэхугъуэ псори хуейуэ зымыгъэзэщIам, е къыщыгъупщэу дэзыгъэхуам и андезыр пэж хъунукъым. Ауэ андезым ипэ къихуэу бисмиЛляхь жиIэну къызыщыгъупщам и андезыр абы щхьэкIэ къутэнукъым.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- практикэ лэжьыгъэ папщIэу андезыр пэжу къищтэну;
- андезыр къызэращтэ щIыкIэр гукIэ ищIэну.

# «Ат-Тэухьид»

(ЕтIуанэ илъэс ныкъуэр)

## Дерс е-1-нэ.

## Япэ илъэс ныкъуэм и темэхэр къэпщытэжын.

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Псалъэ дэгъэхуахэр тхыж.

   **Ислъамыр – ар Алыхь закъуэм ...**

2. Ислъамыр щIэгъэкъуэнитхум зэтраIыгъэ. КъебжэкI ахэр сыт хуэдэхэрами.

**Япэ щIэгъэкъуэныр. Алыхьым нэмыщI, тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд ﷺ Абы зэрилIыкIуэм щыхьэт техъуэныр.**

**2 щIэгъэкъуэн..................4 щIэгъэкъуэн....................**

**3 щIэгъэкъуэн..................5 щIэгъэкъуэн....................**

3. АдэкIэ къэхьа тегъэщIапIэ къэс Ислъамым и зы щIэгъэкъуэн къыщыгъэлъагъуэ.

**А. «Уэ иман зиIэхэ, фэ фи къалэнщ фынэщIыну, фяпэкIэ псэуахэм я къалэну зэрыщытам хуэдэу, фыфIэлIыкI!»[30]**

**(......................................)**

[30] КъурIэн (2:183).

**Б. «Алыхьым цIыхум фарз ящищIащ И унэм кIуэуэ хьэж щащIыну, яхузэфIэкIыу щытмэ»[31]**

**(………………………………..)**

**В. «ИпэжыпIэкэ, иман къэзыхьахэм папщIэ, и зэманым нэмэз щIыныр къэлэн хуащIащ»[32].**

(……………………………………..)

[31] КъурIэн (3:97).

[32] КъурIэн (4:103).

# Дерс е-2-нэ. Диным и лъэхъэнэхэр. Ал-Иман

**Диным лъэхъэнищ иIэщ:**

**1. Ал-Ислъам 2. Ал-Иман 3. Ал-Ихьсан**

**«Иман» псалъэм и мыхьэнэр:**

**«Иманыр» – ар фIэщхъуныгъэр уи гумкIэ зэхэщIэнырщ, псалъэкIэ уи бзэгум телъынырщ, IуэхугъуэхэмкIэ уи пкъым гъэлъэгъуэнырщ.**

**Иманым и щIэгъэкъуапIэхэр**




**✔ Иманым и тегъэщIапIихым щыщу зы нэхъ мыхъуми и фIэщ зымыщIым дин фIэщмыхъуныгъэ къегъэлъагъуэ. Иманыр жыIэщIэныгъэкIэ хохъуэ, жыIэмыдаIуэныгъэмкIэ хощI.**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Сыт «Иман» псалъэм и мыхьэнэр?

2. Иманым и щIэгъэкъуапIэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуей бжыгъэхэр тетхэ.

☐ **Алыхьыр уи фIэщ щIыныр**

☐ **Абы И Тхыгъэр**

☐ **Къемэт махуэр**

☐ **Абы И МэлыIычхэр**

☐ **Абы И лIыкIуэхэр**

☐ **ФIыгъуэмрэ бэлыхьымрэ зэраубзыхуар**

3. Иманыр хэзыгъахъуэ жыIэщIэгъуищ къиIуэ, апхуэдэуи иманыр хэзыгъэщI жыIэмыдэIуагъищ жыIэ, ахэр таблицэм итхэ.

| Иманыр хэзыгъахъуэ жыIэщIэгъуэхэр | Иманыр хэзыгъэщI жыIэмыдэIуагъэхэр |
|---|---|
| ал-Iыстыхьфар - الاِسْتِغْفَارُ дэIэпыкъуныгъэ папщIэ лъэIу · | ал-кязиб - пщIы الكَذِبُ |
| | |
| | |
| | |

4. Псалъэухахэр нэгъэсыж.

**Иманыр – ар … .**

**Иманым и тегъэщIапIихым щыщу зы нэхъ мыхъуми и фIэщ зымыщIым …**

✔ **ИпэжыпIэкIэ, сэ жыIэщIэгъуэхэр злэжьыну сыхопIащIэ, си иманым хэзгъэхъуэн папщIэ, ар хэзыгъэщI жыIэмыдэIуагъэхэм пэIэщIэ зызощI.**

### ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Диным и лъагапIэхэр ягу къэгъэкIыжыныр мы темэм псалъапэ хуэщIын.
2. Иманым и щIэгъэкъуэнхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми зи фIэщ мыхъум фIэщмыхъуныгъэ къызэригъэлъагъуэм техуауэ къагурыгъэIуэн.
3. Иманыр зэрыхэхъуэми зэрыхэщIми теухуауэ тегъэщIапIэхэр къахуэхьын. Дин пэжым и лъэужьыр

зыхуахэм ящыщ зым жиIэгъащ: *«Дэ ди Тхьэм и цэр къитIуэу, Абы дыщыфIэлIыкIым деж, дэ ди иманым хохъуэ. Ауэ-тIэ, дэ зэкIэлъымыкIуагъ къэдгъэлъагъуэмэ, ди иманым хощI».*

4. Псапэ нэхъыбэ ялэжьыну къыхуеджэн, ахэр иманыр щIыхэхъуэм я щхьэусыгъуэщ. Алыхьым зэрыжиIам хуэдэу: **«Иман зиIэр, Алыхьым и цIэр къыщраIуэкIэ, гумащIэхэращ; И аятхэм къащыхуеджэкIэ, зи иманыр хэхъуэхэращ; зи Тхьэм щыгугъхэращ»[33].**

5. Гуэныхьхэмрэ жыIэмыдаIуэныгъэмрэ еджакIуэхэр щыхъумэн, абыхэм иманыр зэрыхагъэщIым къыхэкIыу.

Бегъымбарым ﷺ зэрыжиIам хуэдэу: **«ДыгъуакIуэр щыдыгъуэм деж, абы иман иIэкъым»[34].**

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- «ал-иман» псалъэм и мыхьэнэм тепсэлъыхьыфын;
- Иманым и щIэгъэкъуэнихыр ищIэн;
- Иманым и щIэгъэкъуэнхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми зымыдэм теухуа Iуэхугъуэр зэпкърихыфын.

[33] КъурIэн (8:2).
[34] Бухъэри, (55:78).

# Дерс е-3-нэ. Алыхьу Таалэр уи фIэщ щIын

**Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр – АлыхьТаалэр уи фIэщ щIыныр.**

**Алыхьыр уи фIэщ щIыным и мыхьэнэр – тепщэныгъэр Алыхьым и Закъуэ зэрыIэщIэлъыр, Ар ди Тхьэшхуэу зэрыщытыр, Абы и цIэхэмрэ и зэфIэкIхэмрэ къэлъытэныр.**

**1. Тепщэныгъэр Алыхьым и Закъуэ IэщIэлъщ -** ***а жыIэгъуэм и купщIэр Алыхьыр къэгъэщIакIуэу, зэгъэпэщакIуэу икIи унафэщIыу зэрыщытырщ. Абы и закъуэщ икIи нэгъуэщIкъым Абы фIэкI.***

**Сэ – сымуслъымэнщ. Сэ си фIэщ мэхъу Алыхьым сыкъызэригъэщIар, апхуэдэуи уафэхэри, щIылъэри къызэригъэщIар, цIыхухэри, жынхэри, икIи нэгъуэщIым зыри къигъэщIакъым, Абы нэмыщI. Апхуэдэуи, сэ си фIэщ мэхъу, Алыхь Закъуэр аращ цIыхухэри, псэущхьэхэри, бзухэри зыхуей псомкIи къызэзыгъэпэщыр, икIи нэгъуэщIым зыми къызэригъэпэщкъым, Абы нэмыщI. Иджыри сэ си фIэщ мэхъу, цIыхухэр, Алыхьым къызэригъэщIам хуэдэу, лIа нэужьи, къызэригъэхъужыр. ИкIи нэгъуэщIым зыми ар хузэфIэкIынукъым, Абы нэмыщI, Алыхьым и къарур инщ.**

**2. Алыхьым и Закъуэщ ди Тхьэшхуэр –** ***ар пщылIыным и лIэужьыгъуэ псори Алыхьым и Закъуэ зэрыхуэунэтIарщ. Псалъэм папщIэ, Алыхьым фIэкI, нэгъуэщIым зыми лъэIухэмкIэ зыхуагъазэркъым, къурмэнри Алыхьым фIэкI, нэгъуэщIым зыми къыхуахьыркъым.***

**Сэ – сымуслъымэнщ. Сэ Алыхь Закъуэм сыхуопщылI, нэгъуэщIым зыми. Алыхьым си лъэIухэр хузогъазэ, икIи нэгъуэщIым зыми. Алыхь закъуэм сыщогугъ, нэгъуэщIым зыми сыщыгугъыркъым.**

**3. Алыхьыр Зэрызакъуэр И цIэхэмрэ И зэфIэкIхэмрэ къыхощ** – *Алыхьым и цIэхэр, и зэфIэкIхэр КъурIэнымрэ Суннэмрэ къызэрыщыхьам хуэдэу къэлъытэн, икIи Абы хуэдэ, Абы къигъэщIахэм ещхьу нэгъуэщI зыри щыIэкъым.*

**Сэ – сымуслъымэнщ. Сэ Алыхьым и цIэ псори си фIэщ мэхъу, Ар-Рэхьман (ФIыщIэ зыхэлъ), Ас-Сэмихь (Псори зэхэзых), Ал-Къавий (Зи къарур ин), Ал-Алим (Псори зыщIэ) хуэдэхэр, адрейхэри. ИкIи си фIэщ мэхъу Абы и зэфIэкI псори, псалъэм папщIэ, ар-рэхьмэ (фIыщIэ), ас-сэмэ (зэхэхыныгъэ), ал-къуувэ (къару), алилым (щIэныгъэ).**

<u>**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**</u>

1. Алыхьыр уи фIэщ хъуным сыт и мыхьэнэр?

2. Тхьэшхуэр Алыхьым и Закъуэу зэрыщытым и мыхьэнэм тепсэлъыхь.
3. Илъэбжьэм къэхьа псалъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуей номерхэр тетхэ.

**Тепщэныгъэр Алыхьым и Закъуэ IэщIэлъщ - а жыIэгъуэм и купщIэр …**

- ЗэгъэпэщакIуэу
- Алыхьыр къэгъэщIакIуэу,

- икIи унафэщIыу зэрыщытырщ.
- Абы и закъуэщ икIи нэгъуэщIкъым, Абы фIэкI.

4. Аятхэм Алыхьым и цIэхэмрэ и зэфIэкIхэмрэ къыщыгъуэти, щIэтхъэ:

**«КъэзыгъэщIам дауэ имыщIэжынрэ? Езыращ сытми щыгъуазэр, гумахуэр»[35].**

**«Нэгъэсауэ фIы зыщIэхэм япэблагъэщ Алыхьым и гущIэгъур»[39].**

**«ЯжеIэ, ар зыщIар Алыхьыращ, сэ сыущиякIуэ наIуэу аркъудейщ»[36].**

**«ЖыIэ: "Езы Алыхьыр Закъуэщ"»[41].**

5. «Зэхуэхусыжыгъуэ» (ал-Хьэшр) сурэм и иужьырей аятхэм къеджи, Алыхьым и цIэхэм щыщу тху къыхэтхыкI.
6. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж.

**Сэ си фIэщ мэхъу Алыхь Таалэм и цIэхэм - ПлъакIуэ, Псэу, ... , ЗыщIэ – зэрыхэтыр.**

**Сэ си фIэщ мэхъу Алыхь Таалэм и зэфIэкIхэм – плъэн, лъагъун, ... , къару, щIэныгъэ – зэрыхэтыр.**

**✔ Сэ – сы мыIуминщ.**

**Сэ Алыхь Закъуэм сыхуопщылI.**

---

[35] КъурIэн (67:14). [39] КъурIэн (7:56). [36] КъурIэн (67:26). [41] КъурIэн (112:1).

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

**1.** ЦIыхур Ислъамым хыхьэн папщIэ, Алыхьыр тепщэныгъэмкIэ игъэзакъуэн къудейр зэрыримыкъур къагурыгъэIуэн. АтIэ, Алыхьыр тхьэгъэм щыгъэзакъуэн хуейщ. Бегъымбарыр ﷺ щыпсэуа зэманым-тIэ, тхьэкуэдым я пщылIхэм я фIэщ хъурт Алыхьыр и тепщэныгъэмкIэ зэрызакъуэр, ауэ пщылIыным щыщу хьэжыр, умрэр, хьэжыщIакIуэхэр гъэшхэныр, Чэбэ ихъуреягъкIэ къэкIухьыныр зэрагъэзащIэм щхьэкIэ къэмынэу, ахэр Ислъамым хэту къалъытакъым. Ар къызыхэкIыр абыхэм Алыхьым гъусэ зэрыхуащIыу щытар аращ, апхуэдэу абыхэм я гугъуехьхэр пщIэншэу хэкIуадэрт.

**2.** ЕджакIуэм гу лъегъэтэн, цIыхум Алыхьыр тхьэгъэмкIэ Закъуэу къимылъытэмэ, ар тхьэ куэдым я пщылIыу къызэралъытэнум, икIи абы щхьэкIэ Алыхьым тезыр хьэлъэ къытрилъхьэнум хуэдэ зэи зэрыщымыIам. Алыхьым жиIащ: **«Алыхьым гъусэ хуэзыщIхэм папщIэ Жэнэтым и бжэхэр зэхуащIынущ. Абыхэм щхьэегъэзыпIэ яхуэхъунур МафIэращ, икIи а щIэпхъэджащIэхэм дэIэпыкъуэгъу яIэнукъым!»**[37]

**3.** МыIуминым и гъащIэр екIущ икIи пщIэ зиIэщ, иман къэзымыхьам и гъащIэр мыгъуэщ икIи псэущхьэхэм я псэукIэ пэлъытщ, Алыхьым зэрыжиIам хуэдэу: **«Иман къэзымыхьахэм я псэукIэри я шхэкIэри Iэщым ейм хуэдэщ. Абыхэм лъапсэ яхуэхъунур МафIэращ»**[38].

**4.** Алыхьым и цIэхэмрэ Абы и лъэкIыныгъэхэмрэ уи фIэщ хъуныр – иманыр хэхъуэным и щхьэусыгъуэщ. ИкIи зи фIэщ

[37] КъурIэн (5:72).

[38] КъурIэн (47:12).

зыщIам Алыхьыр – ЗыщIэу, Зылъагъуу зэрыщытыр, абы и гум Алыхьыр сыт щыгъуи илъынущ, абы зыгуэр щищIэкIи, щысабыркIи.

**5.** Алыхьым и цIэхэм, е и зэфIэкIхэм ящыщ зы мыдэным фIэщмыхъуныгъэ къызэригъэлъагъуэр къагурыгъэIуэн, абы теухуауи Алыхьым жиIащ: «**Абыхэм ГущIэгъущIыр я фIэщ хъуакъым»[39].**

## Дерсым и къалэнхэр:

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

● Алыхьыр уи фIэщ хъуным и мыхьэнэм тепсэлъыхьыфын;

● Тхьэзакъуэныгъэр тепщэныгъэм зэрыхэлъым и мыхьэнэр къыгурыIуэн;

● Тхьэзакъуэныгъэр тхьэгъэм зэрыхэлъым и мыхьэнэр къыгурыIуэн;

● пщылIыгъэ гуэр, Алыхьым нэмыщI, нэгъуэщI зыгуэрым хуэгъэзэным зыщихъумэн;

● Алыхьым и цIэхэмрэ и зэфIэкI зыбжанэхэрмэ хищIыкIын.

[39] КъурIэн (13:30).

# Дерс е-4-нэ. ЕтIуанэ щIэгъэкъуэн. МэлыIычхэр уи фIэщ щIын

## Иманым и етIуанэ щIэгъэкъуэныр – мэлыIычхэр уи фIэщ щIын.

**МэлыIычхэр уи фIэщ щIын** – *мэлыIычхэр зэрыщыIэр уи фIэщ хъун, икIи Алыхьым ахэр Езым хуэпщылIын папщIэ къызэригъэщIар, икIи ахэр Алыхьым зэредаIуэр, И унафэхэри зэрагъэзащIэр лъытэн.*

Абы и тегъэщIапIэщ Алыхьым и псалъэхэр:

**«ЛIыкIуэм и фIэщ хъуащ и Тхьэм къыхуригъэхар (КъурIэныр), Iиман зиIэхэми я фIэщ хъуащ. А псоми я фIэщ хъуащ Алыхьри, Абы и мэлыIычхэри, и фIыщIагъэхэри[40], и лIыкIуэхэри (щыхьэт техъуэу)»[41].**

**МэлыIычхэр – куэдыкIейщ, абыхэм яхэтщ:**

**1. ДжэбрэIил, сэламыр зылъысын; 2. МыкэIил, сэламыр зылъысын; 3. Исрэфил, сэламыр зылъысын.**

**МэлыIычхэр зи фIэщ мыхъухэм я унафэр:** апхуэдэ цIыхухэм Алыхь ЛъапIэр я фIэщ хъуркъым.

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Иманым и щIэгъэкъуэнхэм ящыщ зыщ мэлыIычхэр у фIэщ щIыныр. Сыт абы къикIыр?

---

[40] Алыхьым къригъэха тхылъ лъапIэхэращ зи гугъу ищIыр.

[41] КъурIэн (2:285).

2. МэлыӀычхэм я цӀэхэм щыщхэр ✔ дамыгъэкӀэ къэгъэлъагъуэ.

☐ **Ибрэхьим** ☐ **ДжэбрэӀил** ☐ **МыкэӀил**

☐ **Мухьэммэд** ☐ **Исрэфил**

3. «А» сатыр ехым ит псалъэхэр «Б»-м хэтхэм мыхьэнэкӀэ хуэгъэкӀуэж.

| А | Б |
|---|---|
| ◎ **уи фӀэщ хъун** | **а) мэлыӀычхэр зэрыщыӀэр** |
| ◎ **икӀи Алыхьым** | **б) И унафэхэри зэрагъэзащӀэр лъытэн** |
| ◎ **икӀи ахэр Алыхьым зэредаӀуэр,** | **в) ахэр Езым хуэпщылӀын щхьэкӀэ къызэригъэщӀар** |

4. МелыӀычхэм я хьэл лӀэужьыгъуитӀ къиӀуэ.

5. Хэт мэлыӀычхэм я нэхъыфӀыр?

**✔ Сэ си фӀэщ мэхъу, цӀыхухэм ялэжьа ӀуэхуфӀхэмрэ Ӏуэху мыхъумыщӀэхэмрэ зытххэр мэлыӀычхэм зэрахэтыр.**

### ЕгъэджакӀуэм папщӀэ

1. МэлыӀычхэм ящыщу ДжэбрэӀил зэрынэхъыфӀыр къагурыгъэӀуэн, абы жэуап ехь цӀыхугухэр къызыщӀэзыгъэуша пэжыгъэхэмкӀэ. Абы къыкӀэлъокӀуэ бжьэм ипщэну Исрэфил, итӀанэ МыкэӀил, абы уэшх къегъэшхыныр и пщэм дэлъщ.

2. МэлыIычхэм я лэжьыгъэ зыбжанэм тепсэлъыхьын, икIи яхуэIуэтэн сыт хуэдэ лъэужь абыхэм иманым къыщагъанэми.

1) ЩыIэщ цIыху къэс Iуэхугъуэ илъэжьахэр тхынымкIэ жэуап зыхьхэр. ИкIи абы цIыхум къалэн щещI, Алыхьым фIэсыфIын Iуэху имылэжьыну икIи жимыIэну.

2) ЩыIэщ цIыхухэр къэзыхъумэ, сыт хуэдэ щытыкIэ имыхуахэми. Ар Алыхьым фIыщIэ зэрыхуэщIын хуейщ, Iэдэм и бынхэм зэрыхуэсакъым щхьэкIэ.

3) Апхуэдэуи щыIэщ цIыху лIэныгъэхэмкIэ жэуаплыныгъэ зыхьхэри. Абы дэ къалэн къытщещI, псапэ нэхъыбэ длэжьурэ, Къемэт махуэм зыхуэдгъэхьэзырыну.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- мэлыIычхэр уи фIэщ щIыным къикIыр къыгурыIуэну;
- мэлыIычхэр уи фIэщ щIыным тегъэщIапэ хуэхъур къихьфыну;
- мэлыIычхэм щыщ зыбжанэхэм я цIэхэр ищIэну;
- мэлыIычхэр зи фIэщ мыхъухэм папщIэ яубзыхуа унафэр къыгурыIуэну.

# Дерс е-5-нэ. Ещанэ, еплIанэ щIэгъэкъуэнхэр.

**Иманым и ещанэ щIэгъэкъуэныр – Тхыгъэхэр уи фIэщ щIыныр.**

**Иманым и еплIанэ щIэгъэкъуэныр – лIыкIуэхэр уи фIэщ щIыныр.**

**Тхыгъэхэр уи фIэщ щIыныр** – *ар, цIыхухэр ящиин папщIэ, Алыхьым и пэжыгъэхэр лIыкIуэхэм къазэрыхуригъэхар уи фIэщ щIынырщ.*

**Тхыгъэхэм я нэхъ лъапIэ дыдэр** – Алыхь Таалэм и псалъэу къакIуэ КъурIэн лъапIэращ.

**ЛIыкIуэхэр уи фIэщ щIыныр** – *ар Алыхьым къигъэщIахэм деж лIыкIуэхэр зэригъэкIуар уи фIэщ щIынырщ, икIи абыхэм цIыхухэм къыхуахьа пэжыгъэхэм шэч зэрыхэмылъыр къэлъытэнырщ. Бегъымбар псори къызыхураджар зыщ. Ар – Тхьэр гъэзакъуэныр, Абы гъусэ хуэщIыным зыщыхъумэныр.*

**Япэ лIыкIуэр –** Нухь, сэламыр зылъысын; иужьырейр – Мухьэммэдщ ﷺ. А тIум я зэхуакум иджыри бегъымбар, лIыкIуэ куэд щыIащ. Абыхэм я нэхъыфIхэр –гушхуагъ зыхэлъ бегъымбархэр арат. Апхуэдэу тху щыIащ. Япэрейр – Нухь, сэламыр зылъысын. ЕтIуанэр – Ибрэхьим, сэламыр зылъысын. Ещанэр – Мусэ, сэламыр зылъысын. ЕплIанэр – Исэ, сэламыр зылъысын. Етхуанэр – Мухьэммэдщ ﷺ.

Тхыгъэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ тегъэщIапIэ яхуэхъур Алыхьым и псалъэхэращ:

**«ЛIыкIуэм и фIэщ хъуащ и Тхьэм къыхуригъэхар (КъурIэныр), Iиман зиIэхэми я фIэщ хъуащ. А псоми я фIэщ хъуащ Алыхьри, Абы и мэлыIычхэри, и фIыцIагъэхэри, и лIыкIуэхэри (щыхьэт техъуэу)»[42].**

__Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:__

1. Псалъэухахэр нэгъэсыж. Тхылъ нэхъ лъапIэ дыдэр –

   ЛIыкIуэхэм япэу щытащ –

   ЛIыкIуэхэм я иужьырейуэ щытащ –

2. ЛIыкIуэ псоми цIыхухэр къызыхураджар зыщ. Сыт ар?
3. Тхыгъэхмрэ лIыкIуэхэмрэ уи фIэщ щIэпщIын хуейм тегъэщIапIэ хуэхъур тхы.
4. «А» сатыр ехым ит псалъэхэр «Б»-м хэтхэм мыхьэнэкIэ хуэгъэкIуэж.

**Алыхьым и лIыкIуэхэм къахуригъэха тхыгъэхэр: … … …**

| А | Б |
|---|---|
| ☐ **Ал-КъурIэн, ар Алыхьым къыхуригъэхащ** | **1) Исэ, сэламыр зылъысын** |
| ☐ **Ал-Инджыл, ар Алыхьым къыхуригъэхащ** | **2) Мусэ, сэламыр зылъысын** |
| ☐ **Ат-Тэурат, ар Алыхьым къыхуригъэхащ** | **3) Мухьэммэд ﷺ** |

[42] эн (2:285).

6. Гушхуагъ зыхэлъа бегъымбархэм я цIэхэм, тхыдэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, номерхэр тетхэж.

☐ **Исэ**

☐ **Ибрэхьим**

☐ **Нухь**

☐ **Мухьэммэд**

☐ **Мусэ, сэламыр псоми зылъысынхэ**

✔ **Сэ – сымуслъымэнщ. Сэ КъурIэныр фIыуэ солъагъу, абы соджэ, икIи ар и лъабжьэу си IуэхущIафэхэр солэжь.**

**Сэ лIыкIуэ псори фIыуэ солъагъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр яужь итахэщ цIыхухэр зэраущиинум.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Алыхьым и фIыщIэу цIыхухэр гъуэгу пэжым тришэн папщIэ, абыхэм бегъымбархэр къазэрыхуигъэкIуар къагурыгъэIуэн.

2. Алыхьым и лIыкIуэхэм къахуригъэха тхыгъэхэр ягу къэгъэкIыжын, апхуэдэхэщ цIыхухэм зрахъуэкIыжауэ щыта Тэурат, Инджыл жыхуиIэхэр, абыхэм емылъытауэ, КъурIэн лъапIэр къызэрыригъэхам хуэдэу къызэтенащ, Алыхь Таалэм Езым и пщэ дилъхьащ ар хъума зэрыхъунум кIэлъыплъыныр. Абы теухуауэ Зи ЩIыхьыр Иным жиIащ: **«ИпэжыпIэкIэ, дэращ КъурIэныр незыгъэхар, дэращ ар зыхъумэнури»[43].**

3. КъурIэн лъапIэм фIыгъуэу хэлъыр къагурыгъэIуэн, апхуэдэуи абы еджэну, гукIэ зрагъэщIэну, абы итыр и лъабжьэу я IуэхущIафэхэр ирахьэкIыну къыхуеджэн.

4. Бегъымбархэмрэ лIыкIуэхэмрэ уи фIэщ щIыныр Iэмалыншагъэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн. Абыхэм ящыщу япэрейр – Нухьщ, сэламыр зылъысын, иужьырейр – Мухьэммэдщ ﷺ, икIи ар абыхэм я нэхъыфI дыдэщ. ИкIи а тIум я зэхуакум иджыри бегъымбари, лIыкIуэ куэди щыIащ. Языныкъуэхэр дэ доцIыху, языныкъуэхэри тцIыхукъым.

5. ЛIыкIуэ псори цIыху къызэрыгуэкIыу зэрыщытар, икIи абыхэм тхьэгъэ зэфIэкIи, тепщэныгъи зыри зэрабгъэдэмылъар къагурыгъэIуэн. Абыхэм щэхухэр ящIакъым икIи дунеягъэм къыщекIуэкIыр я нэIэм щIэтакъым.

[43] эн (15:9).

6. Зыгуэрым бегъымбару зыкъилъытэжмэ, ар кэфир зэрыхъур къагурыгъэIуэн. Ар зи фIэщ хъуахэри апхуэдэ дыдэу кэфир мэхъу. ИпэжыпIэкIэ-тIэ, Мухьэммэд ﷺ иужь, афIэкIа бегъымбар щыIакъым. Алыхьым жиIащ: **«Мухьэммэд фэ фщыщ лIы гуэрми и адэу щытакъым, ар алыхьым и лIыкIуэт, икIи яужьырей бегъымбарыт. Алыхьыр сытми щыгъуазэщ!»[44].**

7. Бегъымбархэм щыщ зыбжанэм я тхыдэхэм ягугъу щIын, псалъэм щхьэкIэ, Нухьрэ Ибрэхьимрэ я тхыдэхэм хуэдэу, сэламыр тIуми зылъысын.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Тхыгъэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ уи фIэщ щIыным и мыхьэнэм тепсэлъыхьыфын;
- КъурIэн ЛъапIэр – Алыхьым зэрипсалъэр къыгурыIуэн;
- Тхыгъэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ зи фIэщ зымыщIхэм теухуауэ щыIэ унафэм тепсэлъыхьыфын;
- Алыхьым КъурIэн ЛъапIэр Мухьэммэд ﷺ къызэрыхуригъэхар ищIэн.

[44] эн (33:40).

# Дерс е-6-нэ. Етхуанэ щIэгъэкъуэн.

# Къемэт махуэр уи фIэщ щIыныр

## Иманым и етхуанэ щIэгъэкъуэныр – Къемэт махуэр уи фIэщ щIыныр.

**Къемэт махуэр уи фIэщ щIыныр** – ар, улIа нэужькIэ, КъурIэнымрэ Суннэмрэ къызэрыщыкIуэм хуэдэу, къыпщыщIыну псом шэч къытемыхьэнырщ.

Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхь Таалэм и псалъэхэр:

**«…ахърэтри зи фIэщ хъухэр»[45].**

### ЛIэныгъэм иужькIэ мыхэращ къэхъунур:

1. ЩIыхур мащэм илъу, диным и лъабжьищым теухуа упщIэр иратынущ: Хэт уэ уи Тхьэр? Сыт хуэдэ уи диныр? Хэт уи бегъымбарыр?
2. ГурыфIыгъуэ е шэчыгъуей мащэм уилъыну.
3. Къэхъужыныгъэ. Ар цIыхухэр я мащэхэм къыщиувыкIыжыну лъэхъэнэращ, щхьэж къилэжьар къылъысыжын папщIэ, абы теухуауэ Жэнэтым, е Жыхьэнмэм кIуэху.
4. Къалэжьахэр къалъысыжын.

### ✔ Къемэт махуэр зи фIэщ мыхъум Алыхь Таалэри и фIэщ хъукъым.

45 КъурIэн (2:4).

## <u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>

**1.** ЖыIэгъуэр и кIэм нэгъэсыж.

**Къемэт махуэр уи фIэщ щIыныр – ар …**

**2.** ЛIэныгъэм иужькIэ къэхъуну Iуэхугъуит кънIуэ.

**3. Псалъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуей бжыгъэхэр тетхэж.**

- ☐ щхьэж къилэжьар къылъысыжын папщIэ
- ☐ Жэнэтыр зыхуэфащэхэр, Жэнэтым ихьэху
- ☐ къыщиувыкIыжыну лъэхъэнэращ
- ☐ е Жыхьэнмэр зыхуэфащэр, Жыхьэнмэм кIуэху

**Къэхъужыныгъэр – ар цIыхухэр я мащэхэм …**

Дэгъэхуахэм деж Къемэт махуэм цIэ иIэхэр хэтхэж.

**1) Ал-Къэри'э; 2) … … ; 3) … … .**

4. ЦIыхур лIа нэужь, ар мащэм илъу упщIэу щы иратынущ, сыт хуэдэ ахэр?

✔ **Сэ – сымуслъымэнщ. Сэ псапэ сщIэурэ,**

**Къемэт махуэм зыхузогъэхьэзыр.**

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Къемэт махуэм фIэщыгъэцIэ куэд зэриIэр къагурыгъэIуэн, апхуэдэхэщ: Къэхъужыным и махуэ (алКъиямэ), Укъэзыгъащтэ (ал-Къари'э), УщIэзыуфэ (ал-Гъэщийэ), УзыфIэмыкIын (ал-Уэкъихьэ), ЯгъэзащIэр (алХьэкъкъэ).

2. Псапэ щIэным къыхуеджэн, нэхъыщхьэращи, щхьэж езым и гукъыдэжкIэ псапэ нэхъыбэ ищIапхъэщ а Махуэм зыхуигъэхьэзырын папщIэ.

3. Мащэр – ахърэтым и япэ лъэбакъуэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн. Апхуэдэуи, цIыхур мащэм илъу, и Тхьэм, и диным, и Бегъымбарым теухуа упщIэхэр къызэрыратынур. А упщIэхэм пэжу жэуап къезытыр ягъэтхъэнущ. Ауэ, жэуап къезымытыфхэм, хьэзаб ирагъэшэчынущ.

4. Алыхьым И къарур зэрыиныр къагурыгъэIуэн. Абы И къарум къихьынущ лIахэр я мащэхэм къызэриувыкIыжынур, щхьэж къилэжьар къылъысыжын папщIэ.

5. Къемэт махуэм къыщыхъуну Iуэхугъуэ зыбжанэхэм я гугъу щIын, псалъэм папщIэ, бжьэм зэрипщэнур, Дыгъэр Тхьэм къигъэщIахэм деж къызэрыкIуэтэнур, тхыгъэ зэкIуэцIышыхьахэр зэрызыIэпахынур. Хэти ахэр и Iэ сэмэгумкIэ къищтэнущ, хэти и Iэ ижьымкIэ. Лъэмыжым зэрикIынухэр.

6. Жэнэтым и гугъу яхуэщIын, абы и фIыгъуэхэм щыщ зыбжанэм щапхъэ къахуэпхьыурэ, псапэ щIэным къыхуеджэн. Апхуэдэуи Жыхьэнмэ мафIэм щыгъэщтэн, абы хьэзаб щашэчынум теухуауэ щапхъэ къахуэпхьыурэ, апхуэдэуи, МафIэм хуэзышэ щхьэусыгъуэхэм тепсэлъыхьын.

7. Алыхьым ЖэнэтымкIэ елъэIуным еджакIуэхэр къыхуеджэн, апхуэдэуи, абы укъыхуэзышэ Iуэхугъуэхэмрэ псалъэхэмрэ. Апхуэдэуи, еджакIуэхэр къыхуеджэн Алыхьым елъэIуну Жыхьэнмэ МафIэм щыхъумэн папщIэ, икIи къыхуеджэн абы уизышэ Iуэхугъуэхэмрэ псалъэхэмрэ зыщахъумэну.

8. «Зэрыпщхьэжыр» (ат-Тэкъвир), «Зэгуэчыныгъэр» (алIынфытар), «Къэчэныгъэр» (ал-Iынщикъакъ) сурэхэм къеджэн, темэм епхын.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- Къемэт махуэр уи фIэщ хъуным и мыхьэнэр ищIэн;
- Къемэт махуэм къэхъуну Iуэхугъуэ зыбжанэхэр къриIуэфын;
- Къемэт махуэр зи фIэщ зымыщIхэм теухуа унафэм тепсэлъыхьыфын.

# Дерс е-7-нэ. Еханэ щӀэгъэкъуэн. ФӀыгъуэмрэ бэлыхьхэмрэ зэраубзыхуар уи фӀэщ щӀын

## Иманым и еханэ щӀэгъэкъуэныр - ФӀыгъуэмрэ бэлыхьхэмрэ зэраубзыхуар уи фӀэщ щӀын.

**ФӀыгъуэмрэ бэлыхьхэмрэ зэраубзыхуар уи фӀэщ щӀын** – *ар сыт къэмыхъуми, ар фӀыуэ ирехъу, е Ӏейуэ ирехъу, псори Алыхьым зэриубзыхуам хуэдэу къызэрыхъур уи фӀэщ щӀын.*

Абы тегъэщӀапӀэщ Алыхьым и псалъэхэр: **«ИпэжыпӀэкӀэ, дэ сыт ищӀысри къызэрыдгъэщӀар зэрыдыубзыхуам хуэдэущ»[46].**

**✔ Къэхъуну псор зэрыубзыхуар зи фӀэщ мыхъум Алыхьри и фӀэщ хъукъым.**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщӀэ упщӀэхэр:</u>**

1. Къэхъуну псор зэрыубзыхуар уи фӀэщ щӀыным сыт и мыхьэнэр?
2. Абы тегъэщӀапӀэ хуэхъур къэхь.
3. Псалъэ дэгъэхуахэр дэгъэувэж

**Бэлыхь къыщыхъуам деж, си къалэнщ - ...**

**ФӀыгъуэ къыщыхъуам деж, сэ си къалэнщ - ... Иманым и щӀэгъэкъуэнихыр зи фӀэщ мыхъур, ар - ...**

**Бэшэчыгъэр - ... къэблэжьыным и щхьэусыгъуэщ.**

**Алыхьым фӀыщӀэ хуэщӀыныр – уи ... хэгъэхъуэным и щхьэусыгъуэщ.**

---

[46] эн (54:49).

**Псалъэхэр**: фIыщIэ, кэфир, тыгъэ, бэшэчагъэ, фIыгъуэ, мыбэшэчагъэ.




**✔Сэ бэлыхьыр си псэм къыщытехьэм деж, сэ жызоIэ: «ИпэжыпIэкIэ, дэ Алыхьым дыкъигъэщIащ, икIи Абы деж дгъэзэжынущ! Уэ Алыхь, къысхуэгъэфащэ тыгъэ си гугъуехьхэм деж икIи ахэр фIыгъуэкIэ схузэхъуэкI».**

*|Иннаа лиЛляхьи уа иннаа иляй-хьи рэджи'ун. Аллахьум-мэ'джур-ни фи муси бэти, уэ Iэхьлиф-ни хъайран минхьэ|*

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Алыхьым иубзыхуа псомкIи хуэжыIэщIэныр

IэмалыншагъэщI. Бегъымбарым ﷺ жиIащ: **«Алыхьым цIыху гъащIэхэр иубзыхуащ, дунейр къигъэщIыным иджыри илъэс мин тхущI иIэу»**[47].

2. Гузэвэгъуэ къыщыхъуам деж, бэшэчагъэ зыхэгъэлъын, псалъэм папщIэ, уи Iыхьлыхэм щыщ лIамэ, мылъкур хэкIуэдамэ, сымаджэ ухъуамэ, нэгъуэщIхэми.

[47] Тирмизи (21:56).

3. Бэшэчагъэр Алыхьым и тыгъэ къэлэжьыным и щхьэусыгъуэу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн. Бегъымбарым жиIащ: **«Гузэвэгъуэ зышэчыну дэтхэнэ муслъымэнми, уеблэмэ, банэ фIэкI хэмыуами, е абы нэхърэ нэхъ Iейми, Алыхьым абы Iэмал имыIэу и гуэныхь щхьэщихынущ, жыгхэм я тхьэмпэхэр къызэрехуэхым хуэдэу»[48].**

4. Алыхьым фIыщIэ хуэщIыным къыхуэгъэушын, ар-тIэ щхьэусыгъуэ хуэхъунущ фIыгъуэр бэгъуэным. Абы теухуауэ Алыхьым жиIащ: **«ФхуэсщIар зэхэфщIыкIмэ, фхуэзгъэбэгъуэнущ»[53].**

[48] Бухъэри (5648).

[53] эн (14:7).

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- къэхъуну псори зэрыубзыхуар уи фIэщ щIыным и мыхьэнэм тепсэлъыхьыфын;
- къэхъуну псори зэрыубзыхуар зи фIэщ мыхъум и унафэр ищIэн;
- сыт ищIысри Алыхьым къызэригъэщIам тегъэщIапIэ хуэхъур къхьыфын.

# Дерс е-8-нэ. Диным и лъэхъэнэхэр. Ал-Ихьсан

**Диным лъэхъэнищ иIэщ:**

**1. Ал-Ислъам 2. Ал-Иман 3. Ал-Ихьсан**

## «Ихьсан» псалъэм и мыхьэнэр:

**«Ихьсан»** - *ар уэ Алыхьыр плъагъум хуэдэу щхьэщэ хуэщIыныращ. Ауэ ар умылъагъуми, бощIэ уэ Абы укъызэрилъагъур.*

**Ихьсан – ар диным и лъагапIэ нэхъ ин дыдэрщ.**

Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:

**«Алыхьыр игъусэщ иман зыхэлъхэм, икIи фIы зылэжьхэм!»[49]**

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Диным лъэгапIищ иIэщ, дэтхэнэра абыхэм нэхъ лъагэ дыдэр?
2. «Ихьсан» псалъэм и мыхьэнэр жыIэ, абы и тегъэщIапIэр къэхь.
3. Псалъэухам псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

- **Зейд и нэмэзыр пэжу ищIащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы ещIэ ар Алыхьым … .**
- **Али езым имей къищтэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ещIэ абы Алыхьыр … .**

[49] эн (16:128).

- **Умар сыт щыгъуи пэжыр жеIэ, зэи зыри къигъапцIэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы ещIэ, Алыхьым зыри ... .**

**Псалъэхэр:** къызэрыкIэлъыплъыр, зэрилъагъум, зэрыщомыгъэпщкIуфынур.

✔ **Сэ – сымуслъымэнщ. Сэ сощIэ, Алыхьым сызэхех, икIи сыкъелъагъу, абы къыхэкIыу, сэ Абы сыхуэжыIэдаIуэщ, имыдэм седаIуэркъым, мыхъунум сеплъыркъым.**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. ЕджакIуэхэм къагурыгъэIуэн, Ихьсаным и мыхьэнэр – ар уи нэмэзыр и теплъэмкIи, уи гурылъхэмкIи фIы дыдэу зэрыщIын хуейр. Аращ гупцIанагъэм кърикIуэр.

2. Ихьсаным теухуа хъыбар зыбжанэ щапхъэу къахуэхьын, псалъэм папщIэ, Умар ибн ал-ХъэтIтIыб теухуауэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун. *Абы мэлыхъуэр къихутэну мурад щищIам, абы жриIащ: «Къызэщэ уи мэлыр». Абы къыжриIащ: «Сэ сы пщылIыу аращ». ИтIанэ Умар жиIащ: «Уэ уи зиусхьэным жепIэнщ, мэлыр дыгъужьым ишхауэ». ИтIанэ а мэлыхъуэм жиIащ: «Алыхьыр щэ?» ИтIанэ Умар, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, и нэпсхэр къыфIыщIэжащ. ИужькIэ, абы а пщылIыр къищэхужри, хуитыныгъэ иритыжащ. ИтIанэ абы жриIащ: «Уэ зы псалъэ закъуэ къыбжьдэкIам мы дунейм укъыщригъэлащ, икIи сэ сыщогугъ, уэ абы ахърэтми укъыщригъэлыну».* Мыпхуэдэ хъыбархэр къыщыбгъуэтынущ имам Аз-Зухьэби и «Сияру а′лями ан-нубаля′» и тхылъым, Алыхьым и гущIэгъур зылъысын. Апхуэдэуи, бгъуэнщIагъым щIаубыда цIыхуищым я хъыбарыр щапхъэу къэпхь хъунущ. Ар щыбгъуэтынущ Бухъэри и сборникымрэ, (3237) Муслим и сборникымрэ,
(2743).

3. Ихьсан лъагапIэм нэсыфынур иман зиIэ муслъымэнхэращ.

4. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн, нэмэзым гупцIанагъэкIэ бгъэдыхьэным хущIэкъуну.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм ищIэфын хуейщ:

- Ихсаным и мыхьэнэм тепсэлъыхьыфу;
- Ихьсаным и тегъэщIапIэр къихьыфу;
- нэмэзым гупцIанагъэкIэ узэрыбгъэдыхьэн хуейр ищIэну.

# «Ал-Фикъхь»[50]

(ЕтIуанэ илъэс ныкъуэр)

## Дерс е-1-нэ.

## Япэ илъэс ныкъуэм и темэхэр къэпщытэжын.

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

1. Псыунэ кIуэным пылъ хабзэхэр къебжэкI.
2. Сыт хуэдэ щIыпIэхэра псыунэ кIуапIэ пщIы мыхъунур?
3. Сыт зищIысыр ал-Iыстынджэмрэ ал-Iыстыджмарымрэ?
4. Дэпхуэдэу зэрыщIын хуейр ал-Iыстыджмарыр, ар пэжу хъун папщIэ?
5. Ал-Iыстыджмар зэрыпщI мыхъуну хьэпшыпхэр къебжэкI.
6. Псалъэухахэр и кIэм нэгъэс.

**А. Андез цIыкIур къызэрыщтэн хуей хабзэхэм ящыщщ – нет щIыныр. Ар щыщIын хуейр … .**

**Б. Андезыр къызэращтэ псым ехьэлIа Iуэхугъуэр зытеу-хуар, ар … зэрыщытын хуейрщ.**

**В. Андезым ехьэлIа хабзэхэм щыщу, зы нэхъ мыхъуми къэзыгъанэм, …**

**Г. Андезым ипэ къихуэу, Iэмал имыIэу жыIэн хуейщ … .**

7. Андез цIыкIум ехьэлIа хабзэхэр жыIэ.
8. Iэмал имыIэу гъэзэщIэн хуей хабзэхэм щыщу, щы нэхъ мыхъуми къебжэкI.

[50] Фикъхь - IэпкълъэпкъкIэ къыптехуэу бгъэзэщIэн хуейр зыдж щIэныгъэ.

# Дерс е-2-нэ. Ат-Таяммум




1. **УигукIэ нет щIын.**
2. **«БисмиЛляхь» жыIэн (Алыхьым и цIэкIэ).**
3. **Сабэ зытелъ щIыIу гуэрым IэгухэмкIэ теуэн. (зэ)**
4. **Уи нэкIум а IэхэмкIэ телъэщIыхьын.**
5. **Уи Iэ бэлагъхэми щыхуэн.**

**ПсыкIэ къащтэ андезыр таяммумкIэ щыпхъуэж хъуну щытыкIэхэр:**

1. ЩIыхум псы щимыгъуэтым деж.
2. Псым зэран къыхэкIынкIэ шынагъуэ щыщыIэм деж.

Абы тегъэщIапIэ хуохъу Алыхьым и псалъэхэр:

**«Псы щывмыгъуэткIэ, щIы къабзэкIэ зывгъэкъэбзэж, абы фытеIэбэурэ фи нэкIури фи Iэри флъэщI»[51].**

---

[51] КъурIэн (5:6).

## Сыт таяммумыр зыкъутэр?

1. Андез цIыкIур зыкъутэ псоми таяммумри екъутэ.

2. Псы къызэригъуэтар, уеблэмэ цIыхум нэмэзыр ищIыу тетми.

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Таяммумым хуэгъэза Iуэхугъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу номерхэр тетхэж.

☐ **«БисмиЛяхь» жыIэн.**

☐ **Iэхэр лъэщIын.**

☐ **НэкIур лъэщIын.**

☐ **ГукIэ нет щIын.**

☐ **Сабэ зытелъ щIыIум IэгухэмкIэ зэ теуэн.**

2. Псалъэ иримыкъухэр дэгъэувэж.

- **Таяммумыр къозэгъ псы … деж.**
- **Муслъымэным псыр къигъэсэбэпыну щышынэм деж, ар хуит ящI … ищIыну.**
- **Таяммумыр екъутэ, андез цIыкIур … псоми.**

**Псалъэхэр**: зыкъутэ, таяммум, щыщымыIэм, лъэщIын.

3. ЛIыр Мэккэ икIыу МединэкIэ здэкIуэм, гъуэгуанэм тету пщэдджыжь нэмэзым и зэманыр къихьащ. Абы андез къызэрищтэн псы игъуэттэкъым, икIи шынэрт нэмэзым и зэманыр блигъэкIынкIэ. Сыт абы ищIэ хъунур?

4. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**А.** Таяммумыр екъутэ …

- ☐ **шхыным**
- ☐ **псым**
- ☐ **жейм**

**Б. Таяммумыр хабзэм тету пщIы хъунущ …**

- ☐ **псы щомыгъуэтым деж**
- ☐ **хуабэвэхым деж**
- ☐ **уэшхышхуэ къыщешхым деж**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Таяммумыр шэрихьэтым и хабзэхэр нэхъ тынш зэрищIыр къагурыгъэIуэн.

2. Псы щамыгъуэтынум и щапхъэхэр къахуэхьын, е ар къагъэсэбэпынкIэ шынагъуэ щыщыIэм деж, псалъэм папщIэ, сымаджэхэм, е щыщIыIэ уаем деж.

3. Таяммумыр практикэкIэ гъэлъэгъуэн, еджакIуэ къэс ар ящIыну я пщэ дэлъхьэн, абыхэм щыуагъэ зэрамыщIым шэч къытемынэн щхьэкIэ.

4. ЕджакIуэхэм ягу къэгъэкIыжын, япэкIэ зэджауэ, андезыр зыкъутэ Iуэхугъуэ псори. Ахэр щы мэхъу:

1) къыдэхыжыпIитIымкIи къакIуэ псоми;

2) жейм;

3) махъшэл шхыным.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- таяммумыр щыуагъэншэу зэфIигъэкIын;
- таяммумыр псым ипIэкIэ къэбгъэсэбэп щыхъуну щытыкIэхэм хищIыкIын;
- таяммумыр зыкъутэхэм тепсэлъыхьыфын.



# Дерс е-3-нэ. НэмэзщIыгъуэ зэманыр

**Нэмэзым и зэманыр къимыхьауэ, пщIы хъунукъым. Апхуэдэуи, ар икIыху, абы и зэманыр бгъэкIуатэ хъунукъым.**

Абы и тегъэщIапIэщ Алыхьым и псалъэхэр:

**«ИпэжыпIэкIэ, нэмэзыр и чэзум ящIыну мыIуминхэм я къалэнщ»[56].**

## НЭМЭЗ ЩIЫГЪУИТХУМ Я ЗЭМАНХЭР

| НЭМЭЗЫР | НЭМЭЗЫМ И ЗЭМАНЫР |
|---|---|
| **ФАДЖР** (пщэдджыжь) | **Пщэдджыжь пшэплъым щыщIэдзауэ, дыгъэ къыкъуэкIыгъуэ хъуху** |
| **ЗУХР** (шэджагъуэ) | **Дыгъэр шэджагъуапIэм щикIым щыщIэдзауэ, хьэпшыпхэм я ныбжьыр езыхэм нэхърэ нэхъ кIыхь щыхъуам деж.** |
| **IЭСР** (ичынды) | **Зухр нэмэзыр щикIым щыщIэдзауэ, дыгъэ къухьэгъуэр къэсыху.** |
| **МАГЪРИБ** (ахъшэм) | **Дыгъэр къухьэу, уафэ гъунапкъэм пшэплъыр щыкIуэдыжыху.** |
| **IИША** (жэсы) | **Уафэ гъунапкъэм пшэплъыр щыкIуэдыжам щыщIэдзауэ, жэщыку хъуху[57].** |

[56] Къурlэн (4:103).

[57] Е пщэдджыжь нэмэзыр къихьэху.

**НэмэзщIыгъуэ зэманхэр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэр**

| | | |
|---|---|---|
| Дыгъэр шэджагъуэ-пIэм итщ | | Дыгъэ къыкъуэкIы-гъуэ |
| Зухрым и зэманыр | | Фаджр зэманым и кIэух |
| хьэпшып къэс я ныбжьыр нэхъ кIыхьщ | | Зухрым и кIэух, Iэср къихьэгъуэ |
| Iэср и зэманыр еух | | хьэпшып къэс я ныбжьыр нэхъ кIыхьщ |
| Пшапэ зэхэуэгъуэ | | дыгъэ къухьэгъуэ, магъриб и зэманыр къохьэ |



✔ Апхуэдэуи, уэ нэмэзщIыгъуэ зэманхэр къыпхуэщIэнущ нобэрей сыхьэтхэмрэ махуэгъэпсхэмрэ къэбгъэсэбэпурэ.





**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Нэмэз къэс щыщIын хуей и зэманым хуэгъэкIуэж.

| А | Б |
| --- | --- |
| ☐ пщэдджыжь | 1) Уафэ гъунапкъэм пшэплъыр щыкIуэдыжам щыщIэдзауэ, жэщыку хъуху |
| ☐ шэджагъуэ | 2) Дыгъэр къухьэу, уафэ гъунапкъэм пшэплъыр щыкIуэдыжыху |
| ☐ ичынды | 3) Зухр нэмэзыр щикIым щыщIэдзауэ, дыгъэ къухьэгъуэр къэсыху |
| ☐ ахъшэм | 4) Пщэдджыжь пшэплъым щыщIэдзауэ, дыгъэ къыкъуэкIыгъуэ хъуху |
| ☐ жэсы | 5) Дыгъэр шэджагъуапIэм щикIым щыщIэдзауэ, хьэпшыпхэм я ныбжьыр езыхэм нэхърэ нэхъ кIыхь щыхъуам деж |

2. Уэ уи ныбжьэгъухэм щыщ гуэрым и нэмэзыр зэманыр икIа нэужь зэрищIыр къэпщIащ. Сыт хуэдэу щытыну уэ уи ущииныгъэр?

3. ✔ дамыгъэр щыгъэув зухр нэмэзыр щыщIидзэмрэ щиухымрэ къыщыгъэлъэгъуа сурэтым деж.



**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. ЕджакIуэхэр къыхуеджэн нэмэзхэр и зэманым ящIыну, абы фIыгъуэу пылъымрэ, мыдаIуэхэм тезыр яхьынумрэ къагурыгъэIуэн.
2. Нэмэзыр гъэгувэным щыхъумэн, ар напитIхэм зэрахьэлыр къагурыгъэIуэн. Абы теухуауэ Алыхь Таалэм жиIащ: **«ИпэжыпIэкIэ, напитIхэм Алыхьыр къагъэпцIэну хэтщ, ауэ ахэр Езым къегъапцIэ. Ахэр нэмэзым щытеувэкIэ, щхьэхыурэ тоувэ, цIыхухэм зыхуагъэфэрыщIыу, Алыхьым и цIэр къыщраIуэр мащIэщ»[52].**
3. «ШэджагъуапIэ», «пшэплъ», «хьэпшыпхэм я ныбжьыр езыхэм нэхърэ нэхъ кIыхь щыхъу» жыхуиIэхэм, нэгъуэщIхэми я мыхьэнэхэр къагурыгъэIуэн.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- нэмэз щIыгъуэхэм я зэманыр ищIэну;
- нэмэзхэр я зэманым ищIыну;
- нэмэзым и зэманыр къэмысауэ имыщIыну.

[52] КъурIэн (4:142).

# Дерс е-4-нэ. Нэмэзым пыщIа Iуэхугъуэхэр

Нэмэзыр Ислъамым и етIуанэ щIэгъэкъуэнщ, икIи нэмэзым ипэ къихуэу гъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ.

| | |
|---|---|
| ИСЛЪАМ | Алыхьым кэфирым и нэмэзыр Iихыркъым, абы Ислъам диныр къищтэху. |
| АКЪЫЛ | Нэмэзыр Iэмалыншагъэу щыткъым, зи акъылым икIахэм папщIэ, ахэр я акъылым къихьэжыху. |
| «къыщыгурыIуэ ныбжьыр», «тамииз» | Сабийм нэмэзыр ищIыну къытохуэ, абы зыгуэр къыгурыIуэу хуежьа нэужь, ар — илъэсиблхэращ. |
| АНДЕЗЫР | Нэмэзыр къабыл хъунукъым андезыншэу. |
| АУРАТЫР ЩIЭХЪУМЭН | ЦIыхухъум и ауратыр: и бынжэм щыщIэдзауэ лъэгуажьэм нэс. ЦIыхубзым — зэрыщыту ауратщ, и нэкIумрэ, Iэ бэлагъхэмрэ нэмыщI, нэмэз щищIым деж. |
| НЭЖАСЭР ГЪЭКЪЭБЗЭН | ФIеягъэхэр: Iэпкълъэпкъым, щыгъыным, нэмэз щIыпIэхэм. |

| | |
|---|---|
| **И ЗЭМАНЫР** | **Нэмэз къэс и зэман иIэжщ, икIи ар пIахынукъым, и зэманыр къэмысауэ.** |
| **КЪЭБЛЭМКIЭ ЗЫГЪЭЗЭНЫР** | **Зи гугъу ищIыр Мэккэ щыIэ Мэжджытышхуэм дэт Чэбэ и лъэныкъуэрщ** |
| **НЕТ ЩIЫНЫР** | **Ар гукIэщ зэращIыр, псалъэкIэ жыIэныр - цIыхухэм щIэуэ халъхьа Iуэхугъуэщ.** |

**<u>Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:</u>**

**1. Ахьмэд къилъэгъуащ и шыпхъу нэхъыжьым IэлъэщI темылъу нэмэз зэрищIыр.**

**А.** Мы псалъэухам щыуагъэ къыщыгъуэт.

______________________________________________

**Б.** Сыт Ахьмэд и шыпхъум Iэмал имыIэу ищIэн хуейр икIи сыт щхьэкIэ?

______________________________________________

**2. Таблицэм ит псалъэхэм антоним къахуэхь.**

| Псалъэр | Абы и антонимыр |
|---|---|
| «ан-нэжасэ» — фIеягъэ | |
| «ал-акъил» — губзыгъэ | |
| «ал-кэфир» — зи фIэщ мыхъу | |

3. **Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.**

**А. Кэфирым и нэмэзыр Iахыркъым, абы …**

**Б. Сабийм зыгуэр къыгурыIуэн щыщIидзэ ныбжьыр …**

**В. Нэмэзым утемыувэ щIыкIэ, фIеягъэхэр тегъэкIыпхъэщ … … …**

**Г. ЦIыхухъум и ауратыр: … нэс. ЦIыхубзым – зэрыщыту ауратщ, и … … нэмыщI.**

4. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**Сабийм зыгуэр къыгурыIуэн щыщIидзэр - …**

- ☐ **Илъэсибгъуращ**
- ☐ **Илъэсихыращ**
- ☐ **Илъэсиблыращ**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. ЕджакIуэхэр дегъэхьэхын нэмэзыр и зэманым ящIыным.

2. ЦIыхубзым нэмэз щищIми, мыдрейхэм дежи, шэрихьэтым къезэгъыу, щитIэгъэн хуей и щыгъыным игугъу яхуэщIын.

3. Нэмэзыр къэзыгъэнар кэфиру зэрабжыр къагурыгъэIуэн. (зэдзэкIакIуэм къыбгъэдэкIыу: псори зэрыарэзы еплъыкIэкIэ, ар абы и фIэщ мыхъуу щытмэ). ИкIи апхуэдэ цIыхур дунейм ехыжа нэужь, ар ягъэпскIыркъым икIи джэбыным кIуэцIашыхьыркъым, жэнэзы нэмэзри хуащIыркъым, гущIэгъукIэ хуэлъаIуэркъым, икIи муслъымэн кхъэм щыщIалъхьэркъым. Апхуэдэм хуитыныгъэ иIэкъым Мэккэ дыхьэну, апхуэдэ цIыхум къурмэн къихьа псэущхьэм и лыр пшхы хъунукъым. Ахърэтми, ар кIэух имыIэу МафIэм хэсынущ.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- нэмэзым теухуа Iуэхугъуэхэр кърибжэкIыфыну;
- цIыхубзымрэ цIыхухъумрэ я ауратхэр ищIэну;
- Муслъымэнхэм я Къэблэ унэтIыныгъэр здэгъэзар къищIэфыну.

# Дерс е-5-нэ. Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр

Нэмэзыр зэтраIыгъэ щIэгъэкъуэн пщыкIуплIым. А щIэгъэкъуэн псори шыIэныгъэ хэлъу гъэзэщIэн хуейщ.



1. Iэмал зимыIэ нэмэз щIыгъуэм деж, щытын, апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм папщIэ.
2. Япэу такбирату-л-Iихьрам.
3. «ал-Фатихьэ» сурэм къеджэн.
4. Рукухь щхьэщэр.
5. Захуэу къэувыжын.
6. Iэпкълъэпкъиблыр къызэщIэзыубыдэ сэждэ щхьэщэр щIын.
7. КъэтIысыжын.
8. Сэждэ щхьэщитIым я зэхуакум щысын.
9. Иужьырей тэшэхьудым папщIэ щысын.
10. Иужьырей щысыгъуэм тэшэхьудым къеджэн.
11. Иужьырей щысыгъуэм Бегъымбарым ﷺ и сэлэватым къеджэн.

12. **Сэламыр хыжын.**
13. **ЩIэгъэкъуэн псоми сабырагъ зыхэгъэлъын.**
14. **ЩIэгъэкъуэн псори зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу гъэзэщIэн.**

**Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм щыщ зы нэхъ мыхъуми къэзыгъэна цIыхум и нэмэзым и щытыкIэ хъур:**

- **Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм щыщ зы нэхъ мыхъуми цIыхум хуейуэ къигъэнамэ, абы и нэмэзыр къабыл хъунукъым.**
- **Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм щыщ зы нэхъ мыхъуми цIыхум щыуагъэкIэ къигъэнамэ, абы къегъэзэж здыщыуам дежи, адрей абы къыкIэлъыкIуэхэри ещIыж, нэмэз нэужьми сэждэ щхьэщитI ещIыж.**

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. ЩIэгъэкъуэн дапщэ иIэ нэмэзым?
2. Псалъэуха къэс я номерхэр тетхэ.

- [ ] **Иужьырей тэшэхьуд**
- [ ] **Такбирату-л-Іихьрам**
- [ ] **«Ал-Фатихьэ» сурэм къеджэн**
- [ ] **Захуэу къэувыжын**
- [ ] **Нэмэз щIыгъуэм деж, щытын, апхуэдэ зэфIэкI зиIэхэм папщIэ.**

3. Уэ гу лъыптащ уи ныбжьэгъум пIащIэу нэмэз зэрищIым, сыт уэ абы жепIэн хуейр?

4. Алыхьым жиIащ: **«Алыхьым и пащхьэм сабыру фит»[53].** Мы аятым нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм язэхэз къыхощ, жыIэ ар.

5. Iэбдулмэжид нэмэз ищIащ, ауэ етIуанэ рэкатым къыщыгъупщащ рукухь щхьэщэр ищIыну. Сыт абы ищIэн хуейр?

6. Псалъэ дэгъэхуахэр дэтхэж.

**Нэмэзым епха Iуэхугъуэхэр нэмэзым … къокIуэ.**
**Щэгъэкъуэнхэр нэмэзым … къокIуэ.**

**Псалъэхэр:** иужь, ипэ, и зэманым.

7. Жэуап пэжыр къыхэх ✔

**Нэмэзым и щIэгъэкъуэнщ …**

☐ **Зэманыр къихьэныр**

☐ **КъэблэмкIэ зыгъэзэныр**

☐ **«Фатихьэ» сурэм къеджэныр**

✔ **Сэ зэхызоцIыхукI нэмэзым епха Iуэхугъуэхэмрэ, и щIэгъэкъуэнхэмрэ.**

---

[53] КъурIэн (2:238).

**ЕгъэджакIуэм папщIэ**

1. Нэмэзым сабырагъ щызыхэгъэлъыным и мыхьэнэр, ар Iэмалыншагъэу зэрыщытыр еджакIуэхэм къагурыгъэIуэн. Нэмэзыр зыкъутам теухуа унафэр къызэрыкIуэр.

2. Щыуагъэ ящIа нэужь, сэждэ щхьэщитI щIыжын хуейм я мыхьэнэр къагурыгъэIуэн.

3. Сэждэ щхьэщэр зэращI Iэпкълъэпкъибл яхутепсэлъыхьын.

4. Сэждэ, рукухь щхьэщэхэр зэрыщIын хуейхэр къагурыгъэIуэн.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- практикэкIэ нэмэзыр пэжу ищIыфын;
- сэждэ щхьэщэр щищIкIэ, ар зыIыгъ Iэпкълъэпкъиблыр ицIыхун;
- «Ал-Фатихьэ» сурэм пэжу къеджэфын;
- нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми къэзыгъэнам и унафэр зыхуэдэр ищIэн.

# Дерс е-6-нэ. Нэмэзым хиубыдэ Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэхэр

**Іэмал зимыІэу нэмэзым хиубыдэ Іуэхугъуэхэр йы мэхъу:**

1. **Тэкбир псори, япэрейм нэмыщІ.**
2. **«Субхьэнэ раббиял азым» псалъэхэр – рукухь щхьэщэм деж.**
3. **«СамиаЛлахьу лиман хьэмидэ» псалъэхэр – имамым папщІэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщІым папщІэ.**
4. **«Рэббанэ уэ лякэл хьэмд» - имамым папщІэ, имамым яужь итым папщІэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщІым папщІэ.**
5. **«Субхьэнэ раббиял аля» - сэждэ щхьэщэм деж.**
6. **«Раббигъфирли» - сэждэ щхьэщитІым я зэхуакум деж.**
7. **Япэрей тэшэхьудым папщІэ щысын.**
8. **Япэ щысыгъуэм деж тэшэхьудым къеджэн.**

**Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми къэзыгъэнам и нэмэзым теухуа унафэр:**

**А. Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэхэм щыщу (уаджиб) зы нэхъ мыхъуми хуейуэ къэзыгъэна цІыхум и нэмэзыр къабыл хъунукъым.**

**Б. Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми щыгъупщэу, щыуэу, е зэримыщІэм къыхэкІыу къэзыгъэна цІыхум и нэмэз нэужьым сэждэ щхьэщитІ ищІыжын хуейщ.**

**Тепсэлъыхьыным папщIэ упщIэхэр:**

1. Нэмэзым Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэр жыIэ (ваджибат).
2. Псалъэхэр пэжу къыхэпхыурэ, дэгъэхуахэм дэгъэувэж.

- **«Фатихьэ» къеджэныр - …**
- **«Субхьэнэ раббиял азым» псалъэхэр - …**
- **Япэрей тэшэхьудыр - …**
- **Иужьырей тэшэхьудыр - …**

**Псалъэхэр**: щIэгъэкъуэнщ, Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэщ (ваджибат).

3. Жэуап пэжым ✔ дамыгъэр тегъэувэ.

**А. Сэ рукухь щхьэщэм деж жызоIэ:**

☐ **«ля иляхьа илляЛлахь»**

☐ **«субхьэнэ раббиял а'ля».**

☐ **«субхьэнэ Раббиял 'азим».**

**Б. Сэждэ щхьэщитIым я зэхуакум сыщыщысым деж, сэ жызоIэ:**

☐ **«раббигъфирли»**

☐ **«сами'аЛлахьу лиман хьэмидахь»**

☐ **«раббана уэ лякаь хьэмд»**

**В. «Раббана уэ лякэл хьэмд» псалъэхэр …**

☐ **имамым папщIэ, имамым яужь итым папщIэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщIым папщIэ.**

☐ **имамым папщIэ, е зи закъуэу нэмэзыр зыщIым папщIэ.**

☐ **имамым папщIэ.**

4. Япэ тэшэхьудым къеджэныр хуейуэ дэзыгъэхуам и нэмэзым папщIэ сыт хуэдэ и унафэр?

5. Умар и нэмэзыр ищIри, къыщыгъупщащ сэждэ щхьэщитIым я зэхуакум «рабигъфирли» жиIэну. Сыт хуэдэ унафэ иIэр абы и нэмэзым?

✔ **Сэ зэхызоцIыхукI нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэмрэ абы Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэмрэ (ваджибат).**

## ЕгъэджакIуэм папщIэ

1. Рукнэмрэ ваджибымрэ зэрызэщхьэщыкIыр къагурыгъэIуэн.

2. «Имамым нэмэз щищIкIэ», «щхьэхуэу», «имамым и щIыбагъым» жыхуиIэхэм я мыхьэнэр яхузэхэгъэкIын.

**Дерсым и къалэнхэр:**

ЕджакIуэм и къалэнщ:

- нэмэзым Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэр кърибжэкIыфыну;
- нэмэзыр пэжу ищIыфын, Iуэхугъуэ къызэщIиубыдэхэри, Iэмал зимыIэ хабзэхэри къилъытэурэ;
- нэмэзым Iэмал зимыIэ и Iуэхугъуэхэм щыщу зы нэхъ мыхъуми къэзыгъэнам и нэмэзым и унафэр ищIэн.

**ГуащIэмрэ ГущIэгъумрэ**

**Зыхэлъ Алыхьым И ЦIэкIэ**

Уэ си къуэш егъэджакIуэ! Уэ си къуэш гъэсакIуэ! Уэ си къуэш адэ! Уэ си къуэш еджакIуэ!

Ассэламу алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь!

ИтIанэ:

Сауд Хьэрыпым егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и жьауэм щIэт шэрихьэт программэхэр зыхэгъэувэнымкIэ Администрацэм, ди тхылъым теухуауэ, сыт хуэдэ чэнджэщ ептынуми, щыуагъэр ебгъэлъэгъунуми зыхуэбгъэзэну и гуапэщ. Ди контактхэр адэкIэ къыщыдгъэнэнщ:

1. Телефон занщIэр: 014021095
2. Министерствэм и телефоныр: 014042888
3. Факсыр: 014081297
4. Электроннэ пощтыр: runit@moe.gof.sa

# Псалъащхьэ

Хэзыгъэгъуазэ…………………………………………………………………………...............4

**«Ат-Тэухьид»**

(Япэ илъэс ныкъуэр)

Дерс е-1-нэ. ЕтIуанэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын………………………………………..............8

Дерс е-2-нэ. Диным и лъэхъэнэхэр. Ал-Ислъам……………………...9

Дерс е-3-нэ. Ислъамым и щIэгъэкъуэнхэр…………………………...13

Дерс е-4-нэ. Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр………………………17

Дерс е-5-нэ. Ислъамым и япэ щIэгъэкъуэныр………………………21

Дерс е-6-нэ. Ислъамым и етIуанэ, ещанэ щIэгъэкъуэнхэр……………………………………….................25

Дерс е-7-нэ. Ислъамым и еплIанэ, етхуанэ щIэгъэкъуэнхэр………………………………………...............28

**«Ал-Фикъхь»**

(Япэ илъэс ныкъуэр)

Дерс е-1-нэ. ЕтIуанэ классым хэта темэхэр къэпщытэжын ……………………………………………......32

Дерс е-2-нэ. Псыунэ кIуэным пылъ хабзэхэр………………………...34

Дерс е-3-нэ. Псымрэ мывэхэмкIэ зызэрагъэкъэбзэжыр...................38

Дерс е-4-нэ. Нэжасэр гъэкъэбзэныр……………………………….....43

Дерс е-5-нэ. Андез цIыкIум ехьэлIа Iуэхугъуэхэр…………………...46

Дерс е-6-нэ. Андез цIыкIум папщIэ Iэмал имыIэу щIэн хуей Iуэхугъуэхэр……………………………………………………………..51

**«Ат-Тэухьид»**

(ЕтIуанэ илъэс ныкъуэр)

Дерс е-1-нэ. Япэ илъэс ныкъуэм и темэхэр

къэпщытэжын……………………………………………………………..............56

Дерс е-2-нэ. Диным и лъэхъэнэхэр. Ал-Иман……………...............58

Дерс е-3-нэ. Алыхьу Таалэр уи фIэщ щIын…………………………..62

Дерс е-4-нэ. ЕтIуанэ щIэгъэкъуэн.
МэлыIычхэр уи фIэщ щIын……………………………………………..67
Дерс е-5-нэ. Ещанэ, еплIанэ щIэгъэкъуэнхэр………………………..70

Дерс е-6-нэ. Етхуанэ щIэгъэкъуэн

Къемэт махуэр уи фIэщ щIыныр…………………………………....75

Дерс е-7-нэ. Еханэ щIэгъэкъуэн. ФIыгъуэмрэ бэлыхьхэмрэ зэраубзыхуар уи фIэщ щIын…………………………………………....79

Дерс е-8-нэ. Диным и лъэхъэнэхэр. Ал-Ихьсан……………………...83

## **«Ал-Фикъхь»**

(ЕтIуанэ илъэс ныкъуэр)

Дерс е-1-нэ. Япэ илъэс ныкъуэм и темэхэр
къэпщытэжын………………………………………………………..…....87

Дерс е-2-нэ. Ат-Таяммум……………………………………..............88

Дерс е-3-нэ. НэмэзщIыгъуэ зэманыр…………………………………92

Дерс е-4-нэ. Нэмэзым пыщIа Iуэхугъуэхэр…………………………..96

Дерс е-5-нэ. Нэмэзым и щIэгъэкъуэнхэр……………….................100

Дерс е-6-нэ. Нэмэзым хиубыдэ Iэмал зимыIэ
Iуэхугъуэхэр……………………………………………….................104

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ас-сэляму алейкум уэ рэхьмэтуЛлахьи уэ бэрэкятухь!

Ди гуапэщ ди тхылъхэр зи гум дыхьахэм ящыщу фытлъагъуну, ди лэжьыгъэм зэман хухэфхари, гулъытэ къыхуэфщIари ди дежкIэ лъапIэщ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр – хъер къызэпыкIын адыгэбзэ зэдзэкIыгъуэ сэбэпыр фи пащхьэ итлъхьэнырщ.

Абы хэтыуи, дэ къыдгуроIуэ, тхылъыр щытрадзэкIэ щыуагъэ гуэрхэри тIэщIэкIынкIэ зэрыхъунур. Дэ икъукIэ ди гуапэ хъунут фэ, ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ, ди тхылъыр нэхъыфI зэрытщIынымкIэ фыкъыддэIэпыкъуамэ. Фэ пцIыуэ къыфщыхъуахэр, е гу зылъыфта щыуагъэхэр, е нэгъуэщI ныкъусэныгъэ гуэрхэм фагъэпIейтеямэ, ди пощтым, е Telegram ботым фыкъэтхэну дыныволъэIу.

Фэ фи гулъытэхэмрэ, фи IуэхуеплъыкIэхэмрэ ди дежкIэ лъапIэщ, икIи ди тхылъым дыщытелэжьыхьыжкIэ, зы тхыгъи гулъытэншэу къэдгъэнэнукъым. Фыфкъэтхэну дыпоплъэ, икIи ди лэжьыгъэр едгъэфIэкIуэнымкIэ щIэгъэкъуэн фыкъызэрытхуэхъум папщIэ ину фIыщIэ фхудощI.

ПщIэ къыфхуэзыщI,
Проектым и редколлегие

mail@abu-islam.com

@abuislam_feedback_bot